ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№58 (21.966) ● 2011 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 6, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

КЪБР-м и Президентым и Администрацэм къет

Залымыгъэмрэ террорымрэ япэщІэтыным хуэунэтІауэ щІыхубэр зэщІэгъэуІуэн, дин радикализмымрэ экстремизмымрэ жылагъуэм кІыуэрамыщІэр къэгъэльэгъуэн, Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытынигъэмрэ щыгъэбыдэныкІэ лэжьыпхъэхэр убзыхуэ мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен унафэ ищІащ (2011 гъэм гъатхэпэм и 31-м кІыдэкІа Унафэ №17-РП) Налшык кІалэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхубэр террорым и бийщ» республикэпсо зэхьхьэ щегъэкІуэкІыным теухуауэ. А зэхьхьэр гъэхьэзырыныкІэ егъэкІуэкІынымрэ пыщІа кІуэзэгъэпэщынигъэ Іуэхуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм дигъэкІыну пщэрыльэ щащІащ.

ЗэІущІэм политикэ партхэм, жылагъуэ, дин щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм, организацэхэм, зэщІэхъеерныгъэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм, къэрал властым и органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм я лІыкІуэхэр, республикэм и цІыхухэр зэгъэныу щогуф.

Мы Іуэхур кІуэзэгъэпэщыным екъэлаУ политикэ партхэм я щІыналъэ къудамэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щІыхуэфащэ адрей организацэхэм республикэпсо зэхьхьэм ягъэкІуэну делегатхэр къагъэльэгъуэн хуейщ.

ЗэІущІэм зэрыхэтынумкІэ тхыльхэр дывоІьэйу мы адресымкІэ къеВгъэхьыну: **Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 27, КЪБР-м и Правительствэм и Унэ е 40-63-98 факсымкІэ.**

Телефонхэр: **40-63-98, 40-69-29, 40-42-87.**

● КЪБР-м и Парламентым

Ди спортсменхэр нэгъуэщІ щІыналъэхэми «яхуэлІыщІэн» хуей мэхъу

Зыхуэфащэ министерствэхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ я лІыкІуэхэр хэту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щрагъэкІуэкІа зэІущІэм щытепсольныхьащ физкультурмрэ спортымрэ екъэлІа егъэдэкныгъэм и щытыкІэмрэ абы зэрызыжьынымрэ.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым Парламентым и Унафэщ1 **Чеченов Ануар**къызэхуэсахэм ягу кІигъэкІыжащ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызэхуигъэзам кІыщІагъэуа кІалэнэхэр: «Іуэхум ипэжыпІэкІэ зыщІихуэжьынур сабийхэр еджэным драгъэхьэхыу, гъэщІэгъэнэу школхэм я лэжьыгъэр зэтрагъэувэмщ; школыр щІэныгъэ пыухыкІа зэгъэгъэтыным и мызакъуэу, творчествэм, спортым зыхуэгъэсэныкІэ центр хъумэщ. Гу лъывзэгъэтэну сыхуейщ: урысей школыр къыхэху щытыну хуиткъым и тепІэкІи и купщІэкІи. ЕрэгъджэныгъэмкІэ мардэщІэхэм я мызакъуэу, мардэщІэхэр ягъэувын хуейщ школхэм я унэхэмрэ кабинетхэмрэ зэращІым, медпунктхэр, шхапІэхэр, спортым зыщІыхуагъасэ? ешІэхэр къыгэрыгэрагъэпэщыным яхуэгъэзаУи. Сабийм школым и псэкІи и Іэнпхъпхъкъи зыщигъэпсэхун хуейщ». Чеченов Ануар зэрыжиІамкІэ, егъэджэныгъэр къызэрагъэпэщынымрэ и лъэныкъуэкІэ зэущыгуфІыкІын Іуэху щхьэхуэхэр иужь зэманым республикэм къыщыхьуащ, ауэ зыхуэщІэкъуни ныкъуасанагъэ щхьэхуэхэри щыІэщ икІи ахэр къызэнэкІынымкІэ хэкІыпІэхэр къэлъыхъуапхъэщ.

(КІуухур 2-нэ нап.).

УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщ1 Г РЫЗЛОВ Борис:

А хабзэм ди шынагъуэншагъэр куэдкІэ елъытауэ щытынущ

Федеральнэ Зэхуэсым и нщхъэрэ палатэм зыхуегъэхьэзыр мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхум хэпльну. Зэуэ жытІэнщи, а хабзэм ди шынагъуэншагъэр куэдкІэ елъытауэ щытынущ.

2011 ГЪЭМ гъатхэпэм и 22-м Урысейм и Президент Медведев Дмитрий Къэрал Думэм къыщыхилъхьащ «Урысей Федерацэм къэрал кІуэцІ ІуэхуэхмкІэ и органхэм я лэжьакІуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныкмкІэ ират шэсыпІэхэмрэ Урысей Федерацэм щызэкІуэ хабзэ языныкъуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэтъхьэнымрэ я Іуэхуклі» федеральнэ законым и проектыр.

Къэрал Думэм ШынагъуэншагъэмкІэ и комитетым а проектыр хуегъахьэзыр япэ еджэгъуэм. Си гугъэщ мэпыжьыхь мазэм депутатхэм ар къащтэну. Хабзэщ1эм къару игъуэтын хуейщ 2012 гъэм щІышыпхэм и 1-м.

Щэч хэлъкъым лэжьакІуэхэм псэуныгъэкІэ зэрызыщІагъакъуэр жылагъуэм абыхэм я пщэ дэль къаІэнхэм я гугъуагъым, ахэр гъэзэщІэным пылъ шынагъуэм, яхь жэуапыр зыхуэдизым пэджжэным зэрыкъуёнм.

Урысейм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкі» и министру щыта сэ абы и мызакъуэу якІсІэфынущ псэуныгъэм ехьэлІа Іуэхуэхэр хэмытмэ, хабзэхъуМэ ІэнатІэм щрагъэкІуэкІ сыт хуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэми мыхьэнэщхуэ зэрамыІэнур.

2011 гъэм гъатхэпэм и 1-м полицэмкІэ закону къару зыгъуэтар къыщащтэм депутатхэм къыхагъэщхьэхуКІырт полицейхэм я лэжьыгъэр тэмэму щытыныр зэпльытар къэралым щызэкІуэ хабзэхэм я фІагъым зэримызакъуэр. Мыхьэнэ ин дыдэу яІэнущ абыхэм ахьшэу иратыр зыхуэдизым, псэупІэхэр зэрыхуэхьэльу, пенсэкІэ къызэрызэрагъэпэщым, лэжьакІуэр хэкІуадэмэ, абы и унафуэм мылькукІэ зэрызыщІагъакъуэм.

А Іуэхуэхр зэфІагъэкІыну и чэзу хьауг. ИкІи нобэ къэралым Іэмал игъуэтащ пІалъэ кІыхь хьауэу зыпэпльэ а кІалэнэхэр зэфІихыну. Полицэм и лэжьакІуэхэм я бжыгъэр гъэмэщІэнри абы яхэту.

Фигу къъэгъэкІыжынщ абы теухуауэ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий икІар: «Щыху бжыгъэ нэхъ мащІэм ахьшэ нэхъыбэ етfigу, хьэлэлу лажьэхэр Іэнатім етшаІэмэ нэхъыфІщ...»

КьыхэзгъэщхьэхуКІынщ къэралІ кІуэцІ Іуэхуэхмкі» органхэм я лэжьакІуэхэр псэуныгъэкІэ кьыІэзгъэщыным уБгъуауэ Іуэхуэхэр полицэмкІэ законым къанэ щІагъуэ щымыІэу зэрыхагъэзкІар. Апхуэдэу ящІащ абы хэм ятеухуа закон щхьэхуэ кьащтэн папщІэ. Аращ Парламентыр зыхэпльэнури.

Зи гугъу тщІы проектым Іэнатім и лэжьакІуэхэм я псэукІэр зыкъомкІэ ирегъэфІакІуэ.

Ар Урысейм, абы и дэтхэнэ щхьэхуэ я шынагъуэншагъэр кьыІэзгъэпэщын папщІэ фІэкІыпІэ имыІэу дызыхуейщ. Дэтхэнэ лэжьакІуэмк нахуэу Іэрыхьэн хуейщ езым и унагъэр зэрыкъуэмыщтыкІыу зыхэпсэуКІыфынмыкІыу.

Іуэхур зыІутри коррупцэр къыжьэдэкІуэным и закъуэкым, абы куэдкІэ елъытащ лэжьакІуэм езым и Іэнатім и цІыхухэмм ихунщІ нэмысри.

Псалъэм и хьэтыркІэ, хабзэщІэм зэтреухуэ пэжьакІуэхэм яІэрыхьэ ахьшэр нэхъыбэ зыщІ Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр. Абыхэм япкъ иткІэ лэжьакІуэхэр мылькукІэ ягъэпажэ, кІулькъукІэ драгъэкІуэтэй.

Куэдрэ жытІащ мыр: полицэм хэгъэхьэн хуейр фІыхэм я фІыжхэрщ. Дауи, ар зэбгъэхьуІэныр тынщкъым.

Лэжьакъуэ ныбжьыщІэхэм гъуэгур яхуэзэІухын зэрыхуейр гурыІуэгъуэщ. Ауэ ахэр езыхэри хуІщІэкъун хуейщ кьыхэжаныкІыну, зыкъагъэльэгъуэну.

Щхьэтечу жьпІэмэ, зи гугъу тщІы проектым кьыхэщІеубыдэ кІэралым полицэм и лэжьакІуэхэм я псэукІэр ефІэкІуэным хэгъэзэуэ ярит мыхьэнэ ин зиІэ щэсыпІэхэр.

Дэтхэнэми а проектым зэІущуаУэ щыгъуаазэ зыщыхуищыфынущ Къэрал Думэм и сайтым.

Путин Владимир зэрыжиІащи, «МылъкукІэ кьызэрызэрагъэпэщым и мызакъуэу, езы хабзэхъуМэ Іэнатім щытыкІэ тэмэмрэ зэхэтынкІэ узынщэрэ щызэфІагъэувэн хуейщ».

Жылагъуэр полицэм иригушхэунущ, езыр абы дэІэпыкъунмэ.

Си псалъэм и кІэухуэ жыслІэну сыхуейщ зи гугъу тщІы хабзэр федеральнэ Іуэхум и мылъкукІэ зэрыщІэгъэбыдапхъэр.

Парламентым мы хабзэр зэрагъэзащІэм ткІийуэ кІэльыплІынущ.

Прохладнэ кІалэ округым и муниципальнэ мылъкум щыщ уху эныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькум кьыхэгъэхьным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм гъатхэпэм и 31-м *№97-ІІП*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум щыщэр муниципальнэ мылъкум зэрызагъэхъэ, муниципальнэ мылъкум щыщэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум зэрызагъэхьэ щІыкІэм и Іуэхукі» 2002 гъэм гъатхэпэм и 6-м кІащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №15-РЗ-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Прохладнэ кІалэ округым и щІыпІэ администрацэм кьыхилъхьар дэІыгъын икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Прохладнэ кІалэ, Зеленэ уэрам, Ново-Покровскэ кІутырым кІуэ автомобиль гъуэгу адресым щыІэ лъэмыжьыр, метр 48,5-рэ зи кІыхьагъыр, зи баланс уасэр сом мелуани 155-рэ сом 817-рэ хъур, Прохладнэ кІалэ округым и муниципальнэ мылъкум кьыхэгъэкІыу пщІэншэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум кьыхэзгъэхьэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэнымрэ щІы Іуэхуэхмкі» и министерствэм (Лыджыдэ Хь. ПП.) хуэгъэувын мы унафэм и пункт 1-м кьыщыгъэлъэгъуа мылъкур къеІыхыным пыщІа зыхуэфащэ юридическэ лэжьыгъэхэр щыІэ хабзэхэм тету зэфІигъэкІыну.

Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэльыплІыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал мылъкур зехьэнымрэ щІы Іуэхуэхмкі» и министр Лыджыдэ Хь. ПП.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1
М ЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм гъатхэпэм и 30-м *№152-рп*

Мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм я финанс Іуэхуэхэр зэтегъэувэжьнымкІэ щІыналъэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм щыщхьэІум и 28-м кІыдигъэкІа Унафэ №393-рп-мкІэ кьищтам, мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) комиссэм хэгъэхьэн мы кьыкІэлъыкІуэхэм:

Уэрэбей Т. Р. - Къэрал Іуэхущ1апІэм - Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и Іуэхущ1апІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Къаздэхъу А. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхьэмкІэ и министрыр *(комиссэм и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Таубулатовэ З. Д. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхьэмкІэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(комиссэм и унафэщІым и къуэдзэщ)*

б) комиссэм хэтхэм ящыщу мы кьыкІэлъыкІуэхэм я кьулыкъухэм зэреджэр щІэуэ къэхьын:

Ерэзн Т. Хьу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр *(комиссэм и унафэщІщ)*

Тау Б. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкі» и министерствэм экономикэм и Іэнатім ІэхэмрэІ бюджет Іэнатім зэрагъэкІуэкІ бюджет политикэмкІэ и департаментым и унафэщІыр;

в) комиссэм кьыхэгъэкІыжын Кьардэн Ф. Хь., Къущхьэбий В. В., Уянаев К. Хь.-М.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ
АБРЭДЖ Іэдиб

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм гъатхэпэм и 31-м *№162-рп*

«ТекІуэныгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къызэгъэпэщащІуэ комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм накьыгъэм и 2-м кьыдигъэкІа Унафэ №192-рп-мкІэ кьищтам, мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1) кьызэгъэпэщащІуэ комитетым хэгъэхьэн мы кьыкІэлъыкІуэхэр:

Сэхъурокъуэ Хь. Хь.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр *(къызэгъэпэщащІуэ комитетым и унафэщІ)*

Амщокъуэ Ф. Кь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныкІэ и министрыр

Голованенко А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм автомобиль транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ);*

2) кьызэгъэпэщащІуэ комитетым хэтхэм ящыщу мы кьыкІэлъыкІуэхэм я кьулыкъухэм зэреджэр щІэуэ кьэхьын:

АфІэунэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ, туризмэмрэ курортхэмкІэ и министрыр

Іэщын Ю. И. - «Урысейм и ДОСААФ» Урысейпсо жылагъуэ-хэгъэгу зэгъэзэнагъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я дэлэжьэныкІэ и министрыр

Харламов Е. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссарыр *(зэгурыІуауэ);*

3) кьызэгъэпэщащІуэ комитетым кьыхэгъэкІыжын Бечелов И. Б., Бицу В. Г., ДыщэкІ М. Р., Евтушенкэ С. В. сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1
МЕРКУЛОВ Александр

Дыщэр нэхъ лъэпІэщ

Дыгъуасэ дыщэм и уасэм хэхъуащ, къэрал зыбжанэм инфляцэр зэрыщыстар и лъабжьэу. КьыщынэмыщІауэ, а гъущ лъапІэм и уасэм хегъахьуэ Къужьыпі» Гъунэгъум и къэралхэр зэрыт геополитикэ щытыкІэр зэрымыгурыІуэгъуэми.

Къэрал куэдым я инфляцэр кьызэхэкІыр щІыдагъэм и уасэм егъэлеяуэ зэрызэхъуэрац. Иджы зы баррелыр и уасэщ доллари 115,07-рэ. Фигу къэдгъэкІыжьынщи, мы гъэм и щІышылэм зы баррелым доллар 92,83-рэ щІату арат.

2010 гъэм кьриубыдэу дыщэм и уасэм процент 30-кІэ хэхъуащ. Иужьрей илъэси 10-м кьриубыдэу а уасэм зиІэт зэпыту кьекІуэкІа пэтми, апхуэдизкІэ зы илъэсым ар зэи дэуеятэкьым. Абы кьеГъэльагъуэ валютэ лІэужьыгъуэхэри акцэхэри инвесторхэм я дежкІэ зэщІэщыгъуэджэ зэрыхьуар, абыхэм я мылькур дыщэу яхьумэщ нэхъ кьызэращІэр.

ЛІыкІэхэм мафІэ щІадзэ

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэм кьызэритымкІэ, Сирием и Латакие кьалэм щыІэ тутнакъэщым дин экстремистхэм дыгъуасэ мафІэ щІадзащ, щІэпхьуэжьын мурад яІэу. Арщхьэкі, я мурадыр абыхэм кьехьуІакъым.

Латакие Сирием и кьалащхьэ Дамаск километр 320-кІэ пэжьжьэщ. Абы и тутнакъэщым кьыщызэщІэста мафІэсыр апхуэдизкІэ гуащІэти, щІэпхьуэжьыну хуежьаХэм ящыщу 8-р хэкІуадэщ. Адрейхэр кьраГъэльфащ - щІыкІэ 25-р сымаджэщым ящащ, абыхэм ящыщу 17-р хьэльэ дыдэщ.

Полицэм и унафэщІ Фтейх Камал зэрыжиІэмкІэ, мафІэ зыщІадзар уэкІэ зи судыр ящІахэр щаІыгъ льэныкьуэрат.

Мэрем кІуам Латакие демократиеР политикэ зэхъуэкІыныгъэхэмрэ щыІэн хуейуэ зыукъуэдийхэм демонстрацэ щрагъэкІуэкІым, абыхэм ятеуат экстремист гупхэр. ЦІыху 13 хэкІуэдащ, 185-рэ уІэгъэ хьуащ. ЯукІаХэм яхэтащ а сыхьэтым уэрамым щылажьа полицейхэмрэ жандармхэмрэ.

Зым и зэраныр...

Афганистаным и кьалэхэр губжьым зэщІищтащ, США-м щыщ пастор Джонс Терри КъурІэныр игъэса изужь. Абы кьрикІуа зэрызехьэм хэкІуадахэр щыхуи 100-м щегъу.

ЦІыху куэд зыхэкІуда зэрызехьэ щыІащ Джелалабад, Мазари-Шарифэ, Кандагар кьалэхэми. Афганистаным и президент Карзай Хьэмид США-м и Конгрессыр кьыхуриджащ я пасторыр жэуапым ирашэлІэну.

Лъэпкъ Іуэцыгъэ:

Лъахэр щыгулэзым уарзэр гулъэмыжщ.

Муфтийм Іуощ1э

АДЫГЕЙ. ***Президент Тхьэкіушынэ Аслъэнджэрий Адыгеймрэ Краснодар краймрэ я муфтий Емыжь Нурбий ІущІащ.***

АДЫГЕЙМи Къэрал Совет-Хасэм и унафэщІхэр зыхэта а зэІущІэр теухуауэ щытащ щІалэгъуалэм гъэсэныгъэ тамэм яБгъэдэльхьэным, терроризмым, наркотикымрэ фадэмрэ пэІэщІэ щыным. Ахэр кьытеувыІащ республикэм и мэжджытхэр зыхуей хуэгъэзэным, мыхьэнэ зиІэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэмри.

Тхыдэшхуэ зиІэ псыкъуий

АБХЪАЗ. ***Урысейм и посольствэм и унэр щаухуэну Сыхъум кьалэкум щыхухаха щІыпІэм абхъаз археологхэм кьыщагъуэтащ, зэрыхуагъэфащэмкІэ, ныбжьыр зрэм и пэкІэ IV - III лІэщІыгъуэхэм ящуха псыкъуий.***

МЕТРИТХУ зи кууагъ псыкъуийр сэху лъэпкъ хэмылъу псы мывэ пІащІэхэмкІэ кьищІыкІащ. И лъэгум лак фІыцІэ зыщыхуа керамикэ пкъыгъуэхэр кьыщагъуэтащ. Археологхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, псыкъуийм пасэрей Диоскурие щыпсэуахэр псы зэфэнкІэ кьызэригъэпэщу щытащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Шапсыгъ» къэфакІуэ гупым хэтхэр.

Адыгэ шхыныгъуэхэр.

Газетхэмрэ журналхэмрэ зыІэрыхьэхэм гу зылъатапхъэ

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Іуэхущ1апІэ зэгуэтым и къудамэу КъБР-м щыІэм 2011 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кьагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ трегъэдзэныным мэлыжьыхьым и 1-м щидзащ. Мы лэжьыгъэр пощт Іуэхущ1апІэ посоми щекІуэкІыну. Абыхэм я лэжьакІуэхэм цІыхухэм Іэ зыщІадза газетхэмрэ журналхэмрэ и зэманым унагъуэхэм яхьынущ. Апхуэдэу ахэр кьыщыІахьыж хъунущ езы пощт Іуэхущ1апІэхэми.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тедзэным пыщІа Іуэхуэхэм зэпкърыхауэ щыІыгъуаэ зыщыфщІ хъунущ связым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэми.

«Урысейм и пощт» ФГПУ-м и къудамэу КъБР-м щыІэ.

Убыххэр Бытхьэ къыщофэ

●Лъэпкъхэм я щэнхабзэ

Хъуэст районым илъэсиплІ хьауэ щрагъэкІуэкІ «Лэгъупыкъу» фестивалыр.

- МЫ ФЕСТИВАЛЫР си япэ кьулыкъу зыІыгъахэм кьыскхуагъэнащ, ауэ сэ абы сыщогуфыкІ, Сочэ щыпсэу лъэпкъхэр зэрыщІэхунымкІэ, я хабзэрэ щэнхабзэрэ яГъэльэгъуэныкмкІэ Іэмальифщи, - жеІэ Хьуэст район администрацэм и унафэщІ Турков Валерий.

Фестивалым гъэщІэгъуэну хэлъыр абы хэт курыт еджапІэ 12-м пхьэндзэкІэ кьызэрыхахращ зи кьафэ, шхыныгъуэ, хабзэ кьагъэльэгъуэн уейр хэтми.

Ещанэ курыт еджапІэм кьыдьысат адыгэхэм я щэнхабзэм и Іыхьэ гуэрхэр утыку кьрахьыну. ЕгъэджакІуэхэм зэрыжиІэмкІэ, ахэр ечэнджэщащ «Адыгэ Хасэм» и унафэщІ Чэчыхьу Мэжид, Лазаревскэ щыІэ «Жылэ Хасэм» и унафэщІ Алало Анзаур, нэгъуэщІхэми.

Анзаур зэрыжиІэмкІэ, егъэджакІуэхэмрэ сабийхэмрэ ахэр зэрахуэфІакІэкІэ ядэІэпыкъуащ. Абыхэм ираташ Сочэ, а щыпІэм иса адыгэхэм ятеухуа дэфтэрхэр, ирагъэльэгъуащ шхыныгъуэхэмрэ кьафэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ.

Фестивалыр щекІуэкІыр Сочэ и Бытхьэ хьэблэрат, игъащІэми убыххэм я щІыналъэу щытам. Иджырей щІэблэм ягъэзэщІари зыкъомкІэ гугъэм поджэж. «Убыххэм я кьафэр» гупым фы дыдэу кьехьуІащ. Зэпеуэм хэтахэми абы кьрагъэблэгъахэми гъэщІэгъуэн ящыхьащ адыгэ тхыдэм щыщу зэхахери, щэнхабзэм щыщу ялъэгъуари.

НЫБЭ Анзор.
(«Адыгэ псалъэ» газетым папщІэ).

Ди спортсменхэр нэгъуэщI щIыналъэхэми «яхуэлIыщIэн» хуей мэхъу

(КIэуэхыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министрым и къуэдзэ **Дорохинэ Лидие**парламентархэр щыгъуазэ ищIащI Къэбэрдей-Балькъэрым и школхэм сабийхэм я Iэпкльпэкьыр псыхьыным хуэзъэна программэщIэхэр кьыщIагъэсэжну зэрыхуежьам. Абы кьыдэкIуэу курыт еджапIэу 10-м спорт классу 12 кьыщызэIуахащ псори зэхэту сабийуэ 179-рэ щIэсу. Спорт секцэу 367-м щоладкIэ 7705-м зыщагъасэ.

Республикэм щрагъэкIуэкI гъэсэныгъэ мыхьэнэ зиIэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр. Абыхэм ящыщми спартакиадэхэр, «Наркотикхэм я пIэкIэ спортыр кьыхьдох», «Терроризм и пIэкIэ - спортыр», нэгъуэщI Iуэхухэри. Абыхэм хиубыдэу щIыкIуэхэр спорт лIэужьыгъуэ зэхэумыдэхэмкIэ зохъэзохъу.

А псоми кьадэкIуэу, Дорохинэ Лидие тегузэвыхьащ егъэджэныгъэмкIэ органхэм яIэщIэлъ спорт Iуэхущ-ащIэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ нэгъуэщI ведомствэхэм зэрыратыжым кьыхэкIыу а IэнатIэр кIуэтэху зэрызэIыхьэм. Физкультурэмрэ спортымкIэ органхэм я унафэм щIэт Iуэхущ-ащIэхэм епльытмэ, егъэджэныгъэм и IэнатIэм хиубыдэ апхуэдэ Iуэхущ-ащIэхэм кьалэн нэхъ убгъуахэр кьабгъэдохуэ. Абыхэм физкультурэмрэ спортымрэ еджакIуэ псори кьыхашэ, сабийхэм я кьарур здьнэсыж, ябгъэздэлъ мылькум емылытагуэ, щхьэж зыхуей спорт лIэужьыгъуэм зыхуигъэсэжмкIэ Iэмалхэр кьыхуэзIуах.

КъБР-м спортымкIэ, туризмэмрэ курортхэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Зарукий Александр** зыубгъуауэ тепсэльыхьащ республикэм и спорт школхэм я лэжьыгъэм. Апхуэдэ Iуэхущ-ащIэу ищIыпсту ди лей 51-рэ щIыпIэ. Абыхэм кьадэкIуэу мэлажьэ «Iэзагъэм щыхуагъасэ спорт школыр», «Спортым и гъэмахуэ лIэужьыгъуэхэм зыхуэгъасэжмкIэ КъБР-м и центрыр». Министрым и къуэдзэм кьыгъэрилытэмкIэ, икIэщIыпIэкIэ дзгъэкIын хуей Iуэхущ спорт школхэмрэ Iэщ-Iагъэ нэс зиIэу абыхэм щыIажьэ тренерхэмрэ зэрахуримыкъур кьыIэнэкIыныр. АбыкIэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къэпсалъэм кьиплытащ физкультурэмрэ спортымкIэ IэщIагъэ-дIэхэр зэрагъэхьэзыр, абыхэм я щIэныгъэм зэрыхагъахьуэр егъэфIэкIуэныр, лэжьакIуэхэр нэхъ ткIийуэ кьыхэхьныр, гъэувыныр.

Цыхьу куэдым зызыхуагъасэ спорт лIэужьыгъуэхэмрэ екъулIэныгъэ нэхъ льагэ дыдэхэм ятещIыхьа спортымрэ зебгъэужьыфынукъым зыхуэфащэ мылтку, техникэ льабжьэ уимыIэу. «КъБР-м физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъуэжьынар (2009 - 2015 гъэхэмI)», «КъБР-м футболым зыщегъуэжьынар (2009 - 2015 гъэхэмI)» республикэ программэ хэхахэр зэрагъэзащIэм и фIыщIэкIэ ильэс благъэхэм кьэриубыдэу нэрылъагъуу ефIэкIуэнущ физкультурэмрэ спортымрэ зыхуэгъэсэныкIэ щIыпIэ Iэмалхэр.

ЩIадзаеу зэрагъэпэщыкI Налшык кьалэм дэт сабий стадионыр, Прохладнэ кьалэм щыIэ, физкультурэм зыщыхуагъасэ, узынщагъэр щрагъэфIакIуэ комплексыр, Налшык кьалэм дэт курыт школ №23-м алэрыбгъуэкIэ кьыщIыкIа и футбол губгъуэ щIыкIур. Псалъэм кьыдэкIуэу жьгтIэнщи, а школым и спортсменхэр «Фэ топ» турнирым щытекIуащ.

Физкультурэмрэ спортымрэ я IэнатIэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэфIхэм я щапхъэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ 2006 гъэм спорт лIэужьыгъуэ псомкIи Урысейм и командэ кьыхэхахэм Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ спортсмену тIу фIэкI зэрыхэмытар. Идкьыпсту ди республикэм щыщу къэралым и командэ кьыхэхахэм спортым и олимп лIэужьыгъуэхэмкIэ 75-рэ, олимп зэхьэзэхуэхэм хэмыхьэ спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ 40 хэтщ.

Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Бозий Натбий** щIэупщIащ зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэт ди спортсменхэр ахъшэкI кьыхэзэрагъэпэщ щIыкIэм. Заруккий Александр абы и жэуапу кьигъэIупсыгъуаеу республикэр абыхэм ахъшэкIэ зэрыхуэзфIэкIкIэ зэрадэIэпыкъур, ауэ а дэIэпыкъуныгъэр идкьыпсту нэгъэсауэ хэпльытэ зэрымыкьунур. А щхьэусыгъуэм кьыхэкIыу ди республикэм щыщ языныкъуэ спортсменхэр УФ-м и нэгъуэщI субъектхэми «яхуэлIыщIэн» хуей мэхъу, ахэр нэхъ нэгъэсауэ кьаэзрыдэIэпыкъум кьыхэкIыу.

И псальэр щиухым спортымкIэ, туризмэмрэ курортхэмкIэ министрым и къуэдзэм парламентархэм гу лъаригъэ-тащ спортым тебгъэкIуадэ ахъшIэмрэ я мылькумрэ пIыхьэкIкIуадэ зэрымылъэужьыр. Ахъуэдэу кьылъатIэн щхьэкIэ мы Iэнатlэм щылажьэхэм я улахуэр ед1элеяуэ зэрыцIыкIур, языныкъуэхэм я щIэныгъэр зэрыпльхьшэр.

ЗэIуцIэм щыжаIахэм якпь иткIэ, КъБР-м и Правительствэм, республикэм СпортымкIэ, туризмэмкIэ курортхэмкIэ и министерствэм, ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ министерствэм, муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм яхуэгъэза чэнджэщхэр кьащтащ.

УРЫСМАМБЭТ Бэлъ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ-ащIэ.

Бэракь плъыжьыр Iуащхьмахуэ щохуарэз.
1943 гъэ, щIышылэ мазэ.

● ЗэIуцIэхэр

Япэ ищахэр

КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядаIэхьэжьынымкIэ и министерствэм кьыхилъхьэри, екIуэкIащ щIагъэгъуалэм хьал мыхьымщIэхэр зэхаиэнымрэ узынщагъэм хуэсакьыныгъэ тетуху 11-нэ республикэпсо зэхьэзэху. Абы ящыкIуахэр иджыблагъэ кьащыгъэжащ.

КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядаIэхьэжьынымкIэ и министр Пащты Борис жиIащ зэпеуэм гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ ныбжьыщIэхэм сэбэп кьахуэхъун кьыхьэныгъэр щыщыгъуагъэр.

КьыхэлъыкIуэну зэпеуэхэр нэхъри ефIэкIуэну, абы хэтыну гухьдэж зыщIынуэр нэхъыбэ хъуну зэрыхуейр и псалъэм кьыхигъэщащ министрым.

Сурэтхэр **ХАЛЛАЕВЭ Марзият** *трихащ.*

● Хъуэхъу

Тут Заур дыдогуфIэ



ПщIэ зыхуэтщI Заур!
Хуабжьу дигъэгуфIащ икIи дигъэгушхуащ «Урысей Федерацэм и Iыхьэ артист» щIэ льапIэр кьыгъэшIащам теухуа хъыбарым.

УЭ УБГЪЭДЭIЭ акъылышхуэм, зэфIэкIым, музыкэм егъэлеяуэ узэрыхуэIэкIуэлъакIуэм, Урысейр, ущалъхуа лъахэр, адыгэхэрэ адрей лъэпкъхэмрэ я гъуазджэр фIыуэ зэрыпльагъуэм Урысейм, Кавказым, Къэбэрдей-Балькъэрым и лъэпкъхэмрэ уэ уи зэфIэкIым дихьхьыу Урысей Федерацэм и щIыпIэ псоми щыIэхэмрэ пщIэшхуэ хуащI.

Уэ адыгэ лъэпкъым и лIыкIуэу урысей, дунейпсо гъуазджэм хэлэжьыхь щIыху нэхъ гъуэзэдж дыдэхэм ящыщщ, абы кьыхэкIыу уи лъэпкъым и лъагъуныгъэр, ар уэрэгъэзырыгушхуэр икIи пщIэ кьыхэзэрыпхуищIыр кьэбгъжьащ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэхьэзэхуэ гупыр уэ гуапэу икIи къуэшыгъэ хэлъу кьохъуэхъу Урысейм и лъэпкъыбзэм я щэнхабзэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ творческэ ехьулIэныгъэщIэхэр кьэпхьыну.

КъБР-м и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэхьэзэхуэ гупым хэтхэр

Кьалмыкь Жылэбий, Хьэфыцэ Мухьэмэд, Гуэбэщыкь Владимир, Джэрыджэ Хьэсэн, Гуэбэщыкь Жантемыр, ХьэщIэлI МуЭзин, Шэшэн МуЭед, Бэрокьуэ Хьэсэн-Алий.

УНЭЖ Кашиф:

Утыку итыфыр зэманым декIурщ

● Дифl догъэлъапIэ

Философие щIэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым и профессор, КъБР-м ис лъэпкъхэм я тхыдэмрэ этнографиемкIэ и кафедрэм и унафэщI Унэж Кашиф Хьэждаут и къуэр кьыщацIыхуэр ди республикэм, Кавказ Ищхьэрэм я Закъуэкъым, атIэ Урысей псом и щIэр фIыкIэ щыIуащ. Абы и Iэдакьэ кьыщIэкIащ щIэныгъэ гъэжьыгъуэ 200-м щIигъу, еджапIэ нэхъыщхьэ зэм зэрыщрагъаджэ тхыльыщ, класс нэхъыжьхэм щIэсхэм папщIэ зы тхыль, монографиехэр хэту.

Кашиф егъэджэныгъэм, щIэныгъэм щыхиша льагъуэр кьыхущ икIи бгъуфIэщ. Тхыдэм щыщу кьигъэльэгъуэк Iуэкугъуэкэр, философие льабжьэ зиIэ лэжьыгъэхэр, и Iэнатlэм гурэ псэкIэ зэрыпэрытыр сэбэпшыхуэ яхуохьу студентхэм, аспирантхэм, докторантхэм, цыхуэфэм.

И ныдыкьер илъэс 65-рэ ныджыблагъэ зэрырикъ ирар ди щхьэхуэсыгъуэ у, Унэж Кашиф уплIэу зыбжанэмкIэ зых уэрэ зэщIэ, Кавказ Ищхьэрэм и щIэныгъэлI пашэхэм ящыщ ди льэпкьэгъуэ а гъуэгум техьа зэрыхьэрщ ди псальэмакьыр зэретшэжьар.

- СэЗЕИКIУЭ адыгэ жылэжьым сыщыщщ, - кьыддогуашэ ди псэльэгъур. - Ауэ сыкьыщалъхуар Гундэлэн кьуажэрщ. А лъэхьэнэм, балькъэрхэр я хэкум щрашам, Зеикьуэ щыщ унагъуэ 300 хуэдиз кьыпачри, а жылэм ягъэIэпхъуат. Абыхэм яхэхуат си адэ-анэри.

ИужькIэ, 4-нэ классым сыкIуэу, ди кьуажэм кьэдгъэзэжри, илъэсий еджапIэр кьэзухащ. Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым сыщIэтIысхьэри, тхыдэ-филологие факультетым сыщеджащ. Си щIэныгъэм адэкIэ хэзгъэхьуэныр си мураду Москва къэрал университетым и аспирантурэм сыщIэтIысхьэри, махуэрыеджэу ильэсищкIэ сыщыIащ. ЩIэныгъэ куу кьыщIэтхащ абы, МКъУ-м и профессорэм я мызакъуэу, къэрал псом щынэ хьыфI Iэщ-Iагъэ-лIхэр лекцI кьыхьуэ дежьэт. Абыхэм яхуэфащэу уэрэн зыбгъэхьэгъат, ауэ зи быныр жьыжьэ щыIэ анэм и гур зэрыгъемыIыр хэт зымыщIэр? Си анэр кьыхэлъэIури, кьэзгъэзэжауэ щыташ.

Республикэм сыкьэкIуэжа нэужь, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIэныгъэ институтым лэжьэн щыщIэздзащ. ЩIэныгъэ лэжьыгъэм и кьыхэзгъэтэщыкIэмкIэ, абы хэлъ щэхуэхмкIэ кьыхэдзэгуэшэн щIэныгъэлI щэджакъэм сарихьылIат а лъэхъэнэм. А гъэрэуэ жыпIэ хъунущ а лэжьыгъэхэм сытетэшIэгушхуэри.

ИужькIэ КъБКъУ-м сыкьэкIуащ икIи Бэрбэч ХьэтIутIэ кьыхэзIуихуэу щыта, КъБР-м ис лъэпкъхэм я тхыдэмрэ этнографиемкIэ кафедрэм сыщылэжьащ, 1995 гъэ лъандэр я кафедрэм сриунафэщщ.

- **Уи щIалэгъэм щиухьэхыу узыпэрыхьа Iэнатlэм Iуэху хьарзынэхэр щызэбгъэхьулIащ, щIэныгъэ лэжьыгъэ купщафIэхэр, тхыльхэр уи Iэдакъэ кьыщIэкIащ, зэпымыууэ студентхэм уадолажьэ. А кьалэнитIыр зэдзэпхьыну гугъукъэ?**

- ЩIэныгъэ лэжьыгъэмрэ егъэджэныгъэ Iуэхумрэ зэпэщIэпх мыхьэну зэгъкащ. Еджапl э ныкъуэкIэ ущыщIэкIэ, щIэныгъэм хемылэжьу хъунукъым. Ар зэдзэпхьыныр хьэлъкъым. Студентхэм ущыхэтым дежь, кьару нэрымыльагъу гуэрым у ззщIэIэтэ икIи щIэ г гуэрэ зр кьэжьтэныр Iэмал имыIэу кьыпхуегъэзыв. Уи зэфIэкIым, щIэныгъэм хьымыгъахьуэмэ, студентхэр кьыхэзрадзэпхьэхьи Iуэхугъуэхэр кьыумыгупсысмэ, гъащIэми, щIалэгъуалэм я зыужьыкIэми х уэбжьу уакьыкIэрыхуэныр зыхуэIуа щыIэкъым.

Тхыдэм х эт сыт хуэдэ къэхъукьащIэри пэжу, Iупщ1у, зэпкърыхауэ ныбжькьыщIэхэм я пащхьэ иплъхьэн хуейщ. Абы папщIэ еш умыщIэу, зэпымыууэ улэжьэныр Iэмал зимыIэщ. А Iуэхум уэзрыпэльэщын кьару кьыпхалхьэ езы студентхэми, нэгъуэщIу жыпIэмэ, абыхэм ептым хуэдиз дыдэ кьыуатьык. Иригъаджэхэм ефIэкIыу кьэзыльытэ дэтхэнэ егъэджакIуэри хуабжьу щоуэ. Ар пэжкъым. Студентыр си акъылыр псынщIэу лажьэ, жьжькэ нэс, зыужьныгъэм нэхъ хуэшэрыуэ цыхуэщ. Мис абыхэми хуэнабдзэгубдзапIэуэ ущытмэ, уи лэжьыгъэр, Iэнатlэр зэребгъэфIакIуэн Iэмалхэр кьыхуэгъэкIынущ, лэжьыгъэ зыбжанэ пхуздэжьи, псоми кьагъэсэбэп хьунукъым, абы езым и бгъэдыхьэкIэ иIэжщ.

- **ХьыбарегъащIэ технологиехэр кьагъэсэбэп зэрыкьуэрыр щIэблэмэ я дуней еплыкIэми. Iуэху бгъэдыхьэкIэми захъуэжьауэ кьыпщыхьхьрэ?**

- Захъуэжащ. Я акъылым нэхъ псынщIэу зеужь. Ауэ дэтхэнэ льэхъэнэмэ езым и «хьэлэр» кьыздехь. Абы ипкъ иткIэ, мыхьымыщIагъэ нэхъыбэ яхэпь хьуащ ныбжьыщIэхэм, Хабззэм, Iэдэбгъым, щыхуГъэм ехьэлIауэ нэхъ щхьэрыуТыпщ зэрыхьуам гу лыэзотэ.

Дэрп дэльытауэ кьыщIэкIынущ ар. Щрагъаджэ пэшым уэзрыщIэбакьуэу кьыззрыщIэбдзэн хуейр гъэсэныгъэ лэжьыгъэр. Сыт щхьэнкIэ жыпIэмэ, Хабззэм, Iэдэбгъым, щыхуГъэм ехьэлIауэ нэхъ щхьэрыуТыпщ зэрыхьуам гу лыэзотэ.

Гу гуГъу тщIы хьыбарегъащIэ технологиехэм я фIыгъэкIэ зи кьалэнхэр нэхъ тыншхьуэ ныжьыкьыщIэ гупсысэу егъэзэн хуейщ, абы папщIэ Iэмал щхьэхуэхэр кьэгъэсэбэпыжьащ. Интернетым кьрихами, тхылъкIэ кьеджами, студентым кьызит жэуап гьущэмкIэ си гур загъэркьым, ар нэхъ кууэ гупсысэу, зэджам и льабжьэр кьыщIежьэр зригъэщIэну и нэр кьыхуикIыу гу лыэзмытэмэ. Зэпкърых Iуэхум и льабжьэр кьиульэпхъэщуэр езыр-езыру зригъащIэмэщ абы щIэныгъэ нэс щигъуэтынур.

- Кашиф, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат философие щIэныгъэхэм я доктор... Апхуэдэ унэтIыныгъэхэр кьыхэпха зэрыкьуэм, щыIэныпащIэм и щхьэусыгъуэм кьытхутепсэлъыхьыт.

- Зыр зым зэран хуэхъурыкьым. Тхыдэр сфIэфIти, си щIэныгъэм зэрыхэзгъэхъуэну кьыхэсха унэтIыныгъэри аращ икIи си кандидат диссертацэм и кьуэкIэ сфIэгъэщIэгъуэну селэжьауэ щыташ. Доктор диссертацэм и уэрэ сыщихьэм кьыхэсхар адыгэхэм я щэнхабзэм, хабззм, нэмысым сытетхыхьыныщ. А псори философие льабжьэ иIэу кьэзгъэльэгъуауэ щыташ. Тхыдэм зы Iуэхугъуэ пыухыкIа гуэр кьыхэпхыу ар бджьи, зэфIэбгъэзэвэжьи хуейуэ щытмэ, философием кьыпхуигъэувэ кьалэныр нэгъуэщIу. У зытетхьхь т емэм теухуа сыт хуэдэ гупсысэри бгъэбелджьыныбжьхьэгъэ.

Доктор диссертацэри щыпхьзгъэкIар МКъУ-раш. Абы быдэу дыпщIащ дадолажьэ дэ. КьызыхэкIыр еджагъэшхуэ кьызэрымыкIуэкэр, щIэныгъэлI ахъыпэзэманхэр зэрыщIлажьэр арагъэнщ. Абыхэм я Iэзэгъым, зэфIэкIым уэзэрыщIхьэкIым кьыщцымынэу, Кавказым икIах ар фIыуэ ялъагъуэ, пщIэ хуащIу апхуэдэ. Дэ, щIэныгъэлIхэм, фIыуэ тхэлъыр илъэс бжьыгъэ кудкIэ дыдэхьнибжьыгъэуу дыкьыззэрызэдзгъэуэгурыкIуэфырщ, фыгъу э-иж зэрыгъэхэмылъыр щ. Экономистхэр щызэщыхьхэм, политикэр щызэгурымыIуэж куэдрэ кьэхъуми, щIэныгъэлIхэр апхуэдэкъым. Дэ псори дызэлэжьыр зыщ, зыри дгъэшыркъым.

- Щапхъэ зытепха е зыгуэркIэ сэбэп кьыпхуэхъуа щыIу куэд гупыр хьэлэ уи гъащIэм?

- ЩIэч хэмылъу. Абыхэ зм ящыщу япэ иткIэ сыкьэзэпльхуаэращ. Псоми зэрыфщIэщи, быным щапхъэу иIэр и адэ-анэрщ. Дуней тетхьIэм, Iуэху щIэкIэм, псэльэкIэм, цыхуэ хэтыкIэм хуэуэзыгъасэр укъэзэльхуаэращ. ИтIанэ ущеджэкIэ, лэжьыгъэм ущыпэрыкьэкIэ гъуаэз пхуэхьу уримыкъэлIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Абы и льэныкъуэкIэ сынасыпкIрIэу кьыщIэкIынт: иджыри кьыздэсым си нэгу щIэтщ школым сыщезэгъэджэхэр, университетым щылажьэу си щIэныгъэмкIэ кьыздэгъэшахэр, лэжьэн щыщIэздзагъащIэм зи нэIэ кьыстетахэр.

- Укьыщыхуэ унагъуэр, адэ-анэр, сабийгъэр... Абыхэм ущегупсысыжым деж нэхъыбэу уи нэгу кьыщIыхьэжхэмкIэ укьыщдэгущэну дыкъуэт.

- Ар гум хэхь Iэфly кьинэ, хуабагъэр зэщIэзыпъэсту кьыбдекIуэкI гурыщIэщ. Дыбынмрагъэшхуэт дэ. Быиный драIэт ди адэ-анэм - зэкъуэшитхурэ зэшыпхъэшурэ. Зэкъуэшхэм сэ сраеплIанэт. Си адэ-анэр зыфIэIей щыIэкъым, ущыстхъунри кьекIущэркъым ауэ, сэ сыкъэзылъхуа-хэр хуабжьу щIыху гъэсат, щэнкфIэт. Ди адэр къэгубжьауэ зэи слъэгъуакъым, и макъыр иIэту ди анэм епсэлъакъым, ШыIэныгъэшхуэ хэзыт абы, Iэдэ6т, щIыхум пщIэ хуэщIыныр сытым дежи япэ иригъэщырт.

Быным нэхъыщхьэу ебгъэщIэн хуейр кьыттхалъхьащ - лэжьыгъэм зыщIдмыдзэйуэ, дымыщхьэхыу дагъэсащ. Нэхъу, Iуэху пщIэ хь уну, зэи тхылъым дыбгъэдэтIыкъакъым. Кьыфl хьухуиIэ ди кьалэнхэр тщIэрти, итIанэ унэм дыщIыхьэжурэ дедж эу арат.

ИкIи жьабжьу сэбэп кьытхуэ зкъужащ лэжьыгъэр фIыуэ тлъагъуу дыззрагъэсар. Уеблэмэ си кьалэнхэм апхуэдизкIэ си гур хуэкъабзэщи, сримыгъэшу кьысщохъу.

- Дауэ зэрызыбгъэпсэхур, Кашиф?

- Зы махуэ кьэмынэу паркым сокIуэ. Си кьуажэжьым сыдыхьэжьым си псэм гупсэхуэгъуэ егъуэт. Абы и Iэхэлъахэр апхуэдизкIэ дахэщи, жэщи махуи зыщыплъытхьыхьфыщ. Мис апхуэдэ щIыпIэхэм кьыщIэскIуэкьынкьыр икьыкIэ сфIэфщ. Сыт щхьэкIэ жьыIэмэ, хьэуа кьабзэм ущыхэтым деж уи щхьэм гупсысщIэхэр щызэбгъэкIуэ, кьыпппэщыпыр бубзыхунымкIэ сэбэпщ, нэхъыщхьэращи, абыхэм уаэзрыпэльэщын кьару кьыпхелъхьэ. Сэ сфIэфщ цыхуэхэм сах этыну. Си щIалэгъуэм сыдихьэхыу щытащ лIыжьк пIыбархэм седэIуэну. МыпIащIэу, гъэхуауэ, купщIэ хэлъу кьаIуэтэжьмэ дерс кьыхэпхырт, гъащIэм ужигъэIуущырт. Абыхэм тхылъым кьрах щIэныгъэ я ябгъэдэмылъ щхьэкIэ, я акъылыр жант; я гупсысэр кьут, гъащIэм игъэIущах эт.

- Ильэс 65-м унэсауэ укьыщыпэплъэкIыжкIэ, уи гур хэзыгъахьауэ уи гъащIэм хэтахэр, узрихьэлIа гуныкьу зэгъуэгъэр сыт хуэдэ? Уи щIалэгъуэм зыхуэбгъэувыжкауэ щыта мурадхэр кьохьулIауэ убжьр?

- Дэтхэнэ зы пщэрыльри зэрыгъэзэщIынэм сегугъуурэ сыкьэкIуэкIащ. Сыцыхуеягъэр кьыззэхъуIауэ кьыщIэкIынщ. Уигу хэзыгъахьуэ уримыкьхэлIэтэмэ, адэкIэ убэкьуэфынт?! Арыншауэ щыхур псэукъым. Апхуэдэ дыдэуи, уигу хэзыгъэщIын гуэрэм уIуоуэ. Иужькрей зэманым сызыгъэIейтейр егъэджакIуэм и лэжьыгъэм пщIэ зэрыхуамыщыкьыкыр и улахуэр зэрымащIэрщ. Ди кьэралым и интеллигенцэм хуэфащэкьым апхуэдэ. Абы гу льатэну сыхуейт ди республикэ унафэщхэм кьэралыр зи Iэмыщ1э ильхэмэ.

- Гугъу ехъ эр кьыззбгъэкIынымкIэ, насыпыфIэу упсэунымкIэ щIэгъэкъуэн нэхъыщхьэр унагъуэрауэ кьыщIэкIынщ...

- Дауи, апхуэдэ зыгуэр уи щыбагъ кьыдэмытмэ, уи щхьэ закьуэкIэ упэльэщIну кьыщIэкIынкьым узрихьэлIэ льэпощхьэпохэм. Си щхьэгъуэ Марит э КъБКъУ-м щолажьэ, хьыджэбзит дитэщи, тIуми щIэныгъэ нэхъыщхьэ тIурытI яIэщ. Мадинэ юристу мэлажьэ, Оксанэ экономис тщ, тIуми унагъуэ я яIэщ. Си пхуурыльхуэхэр си гурыфIыгъэущи, си гур хагъахь уэ. ГъащIэ. Дэгъэзеигъуэ урихьэлIэу бгы задэм ущыдэкIыни щыIэнщ, ауэ абы щхьэкIэ утхьэ хуэкъэу ущыс хьунукъым. У зынщIэм, Iэкъыгъэм гукъыдэж хууиIэм, щIыхуэм фIыкIа яхуэбгъэкIынщ, ауэ абы щхьэкIэ утхьэ хуэкъэу ущыс хьунукъым. У зынщIэм, Iэкъыгъэм гукъыдэж хууиIэм, щIыхуэм фIыкIа яхуэбгъэкIынщ, ауэ абы щхьэкIэ утхьэ хуэкъэу ущыс хьунукъым. У зынщIэм, Iэкъыгъэм гукъыдэж хууиIэм, щIыхуэм фIыкIа яхуэбгъэкIынщ...**

Епсэльар
НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэщ.

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

ТIасхъэщIэх

Романым щыщ пычыгъуэхэр

Мы гъэм накъыгъэ мазэм и 28-м илъэс 80 мэхъу адыгэ тхакIуэ щэджащэ МэшбащIэ Исхьэкъ и ныбжьыр.
Исхьэкъ и къалэмыпэм къыщIэкIащ зи цIэр жыжьэ щыIуа усыгъэ, тхыгъэ хьэлэмэт куэд. Абыхэм ящыщщ «Бзиикъуэ зауэ», «Щхьэл мывэ», «ГъэритI», «Хъан-Джэрий», «Адыгэхэр», «КъуэкIыпIэмрэ къухьэпIэмрэ» романхэр, нэгъуэщIхэри.
Мейкъуапэ иджыблагъэ къыщыдэкIащ Исхьэкъ и тхыгъэщIэ - «ТIасхъэщIэх» романыр. Щыгъуазэ фыдощI абы щыщ пычыгъуэхэм.

1835 ГЪЭМ и гъэмахуэ хуабэвэхым хэткIухьауэ, Тифлис къалэм узэрыбэуэн жьы щыбгъуэтыркъым. Ари зыхищIэртэкъым генерал Розен, Кавказ корпусым и Iэтащхьэм: и дзэлI фащэр къекъузэкIауэ, щхьэгъубжэм бгъэдэтт. Зэрыху абэвэхри игу къеуэртэкъым, къалэ бэмпIэгъуэми дэзэшыхьыртэкъым ар. Игу зэригъэфIын иIэщ: Абхъазыр урысыдзэм и IэмыщIэ къихуакIэщ. Генерал Ермоловым мафIэрэ джатэкIэ игъэсабыращ Къэбэдрей щхьэзыфIэфIыр. Хы Iуфэм Iус шэрджэсхэрщ къэзыгъэдзыхэр... Ахэр пхуеувалIэркъым Тыркумрэ Урысеймрэ илъэситху и пэкIэ Адрианополь щызэращIылIа зэгурыIуэныгъэм. ЖаIэращ: ди лъахэми урысхэмрэ тыркухэмрэ щхьэ щытепщэн хуей - игъащIэ лъандэрэ ди щIыналъэщ ар, зэттыни щыIэкъым...

Бытырбыху къикIыжрэ пэт Псыжь Iуфэм къыщрихьэлIа адыгэ шум къыжриIауэ щытар игу къэкIыжащ генералым. И нэр щIиукъуанцIэри, шур къеупщIат абы щыгъуэ:

- Езыхэм я IэмыщIэ имылъыр тыркухэм къывата щхьэкIэ ар фыфей хъун? - пыдыхьэшхыкIри, къыщIигъужащ: - Мо жыгыщхьэм ис бзур плъагъурэ: у зот, плъэкIмэ, къэубыд. А бзум дыхуэдэщ адыгэ хэр: зыми Iэрыубыд дищIыфынукъым, ди щхьэ дыхуитщ. Фи закъуэкъым ди псэм къещэр, къытпэлъэщыркъым армыхъу. Фэри фыкъытпэлъэщынукъым - ар зыгурывгъаIуэ.

Ар къыжезыIа шур и нэгу къыщыщIыхьэжым, генералыр щхьэгъубжэм къыбгъэдэкIуэтащ, и зы щIыIу итIатэри къикIукI-никIукIыу жыхафэгум теуващ.

Генералым игу къэкIыжащ Абхъазым игъэкIуауэ щыта штабс-капитан Торнау. АдэкIэ ар тIасхъэщIэх кIуэн хуейт хы Iуфэм Iус шэрджэсхэм я деж - хузэфIэкIакъым. «Дауи ирехъуи, Кавказыр ди IэмыщIэ идубыдэн хуейщ - апхуэдэ къалэн ди пщэ къыдилъхьащ ди пащтыхь дотэм. Дызыхэмызагъэр хы Iуфэм Iус шэрджэсхэрщ, абыхэм я тIасхъапIэр тщIэн хуейщ, псом япэрауэ. АратэкIэ Новицкэри Шаховскэри яхэдутIыпщхьауэ щIыщытар. Зыгуэрхэри яхузэфIэкIащ а офицер хахуэхэм, ауэ ар мащIэщ иджы», - арат генералыр зэгупсысыр, жыхафэгур зэхикIухьурэ.

Генерал Вольховскэр пэшым къыщIыхьащ.

- Штабс-капитан Торнау и лъакъуэм и лажьэр сыт? - еупщIащ абы Розен.

- Лажьэ иIэжкъым. Къыщебджэнум поплъэ

- Ар дэгъуэщ-тIэ. Абхъазым къыщемыхъулIаIами, дигу ебгъэркъым. Дзыхь ебгъэз хъунущ, арщ граф Бенкендорф жиIэр. Пащтыхьри къыхуэарэзыщ. Бытырбыху сыкIуауэ сыхуэзати, пащтыхьым Торнау щхьэкIэ къызжиIащ: «Шэрджэс хуэдэщ, си щхьэхъумэ шэрджэс шухэм ещхьыркъабзэщ. Псыжь адрыщI ис шэрджэсхэм яхэутIыпщхьэ ар - я тIасхъэр щIрырех. Зыхуэныкъуэ псори ефт. Абы сэ сызэрыщыгугъыр схужеIэж. Зыми хуэвмыгъэныкъуэ, зыхуейр хуэфщIэ.

- КуэдыIуэ къытпиубыдмэщэ?

- Ди сэбэп зыхэлъ къытхуищIэфмэ, зыми дыщысхынукъым».

... Гъэмахуэку мазэм Торнау Псыхуабэ кIуащ, и уIэгъэр абы щигъэхъужащ. ЩIежьам нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIэт: шэшэныфэ зытригъауэу, зэрыурыс офицерыр зыщигъэгъупщэн, шэшэныцIэм (Хьэсэн-бей) зригъэсэн хуейт. Тифлис щыдэсам шэшэныбзэм хэгъуэза хуэдэт, хуэмыгъэшэрыуащэми. Ислъам диным хэгъуэзати, нэмэз ищIыфырт, нэмэзыбзи ищIэрт. ЖыпIэнурамэ, Прибалтикэм щыпсэу нэмыцэхэм къахэкIауэ пщIэнутэкъым - и фэкIи и зыIыгъыкIэкIи кавказ лъэпкъ къыхэкIауэщ къызэрыпфIэщIынур. Бгырыс фащэри йокIупс, и цейри и дыжьын бгырыпхри аращ...

Прочнэ ОкопкIэ зэджэ къэзакъ станицэр Псыжь и ижьырабгъукIэ щысщ, Ермэлыхьэблэ верст заулкIэ нэхъ пэмыжыжьэу. Абдеж ущежьэмэ, Iузэв тенджызым унэсыху губгъуэщ. Уарп псым и сэмэгурабгъур, къурш лъапэм къыщыщIэдзауэ Псыжь нэс, мэзылъэщ: жыгейри, бжейри, пхъэуейри, псейри, уэздыгъейри щыгъунэжщ, адэкIэ тафэщ, Iуащхьэхэр хэгуэшауэ - Щхьэгуашэ уеуэлIэху. Ар абазэхэхэм я лъахэщ.

Чырбыш унэ лъахъшэхэр щикъухьащ Прочнэ Окоп станицэм, уэрамхэм кхъуэри, къазри, мэлри, былымри дэзщ, щIалэ цIыкIухэри зэхэуфIеяуэ щызэрызохьэ. Шэрджэс шу закъуэтIакъуи ущрохьэлIэ къэзакъ станицэм.

Уэрамым здрикIуэм, Торнау зыIуплъам къигъэщтащ: цIыхущхьэхэр фIэIуауэ бжэгъу яехэр уэрамыщхьэм щыхэтIащ.

- Мыр сыт? - Торнау и нэр къихуащ.

- Шэрджэсыщхьэщ. Псыжь къызэпрыкI абрэджхэр абыкIэ егъащтэ генералым, - къыжриIащ къэзакъ шыгухум. - Щхьэр щадыгъужи къохъу. Шэрджэсхэр щхьэфIэчми, лIыгъэрэ IэщэкIэ уащIыхьэнукъым. МащIэ щIа дазэрезауэрэ, итIани дапэлъэщыркъым.

«Я хэкум уихьауэ щызэтебукIэкIэ, я Iэ зэтедзауэ щысын, - игукIэ жиIащ Торнау. - Ирегъэлей Засс. Ар зышэчын щыIэкъым...»

Зассрэ Торнаурэ я закъуэ хъуа нэужь, генералым жиIащ:

- Тхьэмахуэм щIигъуауэ сыныппэплъащ, штабс-капитан, - жери, нэмыцэбзэкIэ къыщIигъужащ: - Си гуапэ хъуащ укъызэрысар. Нобэ щыщIэдзауэ ушэшэнщ. Урысыбзи, шэрджэсыбзи, абхъазыбзи, нэмыцэбзи пщIэркъым. Уэ ушэшэнщ, пщIэр шэшэныбзэщ. ГурыIуэгъуэ, штабс-капитан?

- ГурыIуэгъуэщ, - жиIащ Торнау. - Сыгувамэ, сэракъым зи лажьэр.

- СощIэ, - жиIащ генералым. - ЗыкIи узгъэкъуаншэркъым. ДыщIыпхуейми ущызгъэгъуэзэнщ.

- Къыстефлъхьэр си хьэлъэщ, схузэфIэкI къэзгъэнэнкъым.

- Абы шэч къытесхьэркъым. Шэрджэсхэм дызэрезауэр уощIэ. ТIасхъэщIэх удгъэкIуэнущ - абы ущыгъуазэщ, дауи. Шэрджэсым уизышэн гъусэ пщIыдгъунущ. АдэкIэ Абхъазми фихьэнущ.

- Хэт гъусэ къысхуэфщIынур?

- Щы мэхъу: зэкъуэшитIрэ абыхэм я зы ныбжьэгъурэ. Шэрджэскъым, нэгъуейхэщ. Щыми урысыбзи, шэрджэсыбзи, абхъазыбзи ящIэ. ПщIэкIэ къэтщтауэ аращ. Фежьэн и пэ зэбгъэцIыхунщ - ухущIыхьэнущ. Иджыпсту дышхэнщи, зодгъэгъэпсэхунщ, - жиIащ Засс. - Гъусэ пхуэтщIынухэр къыщыкIуэнур жэщ ныкъуэращ.

Гъусэ къыпхуащIынур къызэрыщIидзынур дэнэ щыпщIэн? Гъуэлъыжами, абы егупсысурэ щIэх Iурихакъым Торнау. Iуриха щхьэкIэ, сыхьэтыпэщ жейм зэрыхэтар.

И щхьэм икIыркъым: нобэ щыщIэдзауэ шэшэнщ, Хьэсэн-бейщ и цIэр. Муслъымэнщ, и нэмэз уахъты блигъэкI хъунукъым, нэмэзыбзи ещIэ. Арджэныр иубгъури, нэмэз ищIащ.

Мазэгъуэ жэщщ. Псыжь адрыщIкIэ ит мэз Iувым къыхэIукI жьынду джэ макъым укъигъэщтэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым, езыр къэрабгъэм ящымыщми. Сыт къыщыпэплъэр Псыжь адрыщI - уи натIэм кърихар дэнэ щыпщIэн?

Шы лъэ макъ къэIуащ. Гъусэ къыхуащIахэр къэсауэ арат. Щы мэхъу. Ахэр Засс иригъэблэгъащ, Торнау ириджэри яригъэцIыхуащ.

- Мы щIалэр шэшэн хьэщIэщ, Хьэсэн-бейщ и цIэр. Ноби пщэдеи аращ фызэреджэнур. ФызэрыцIыху, фызэпсалъэ, фэ фызэгъусэнущ. СыкъэвмыгъэщIэхъумэ, си псалъэм сепцIыжынукъым, - яжриIащ абы Торнау гъусэ хуащIынухэм. - Фыкъызэрызгъэгугъар фхуэсщIэнущ.

Илъэс тIощIрэ тхурэ фIэкI и мыныбжьми, Торнау и нэгу щIэкIар мащIэкъым, зауэбани хэхутащ, гъуэгу техьэрейуэ къекIуэкIащ. Ныжэбэ жэщым зауэ къыщIэмылъи хуэдэщ, итIани и натIэм кърихар дэнэ щищIэн, дэнэ щищIэн гъусэ къыхуэхъуахэр къызэрыхущIэкIынур - арат штабс-капитаныр хэзыгъаплъэр. Нэгъуейхэр и щыпэлъагъущ, уазэрыщыгугъауэ къыпхущIэмыкIмэ, аращ нэхъыкIэр.

Бгырыс хабзэм ипкъ иткIэ, псалъэмакъыр къыхэзыдзэр нэхъыжьырщ. Хьэсэн-бей япоплъэ, бгырыс хабзэм зэрыхищIыкIыр яригъэлъагъун щхьэкIэ. Япоплъэ, Iуэхур зытещIыхьар езыра пэтми. Гъусэ къыхуащIахэм ящыщ зы, илъэс щэ ныкъуэ хуэдиз зи ныбжь лIыр, заулкIэ щыма нэужь, къэпсэлъащ:

- Сыноплъри, Хьэсэн-бей, уи теплъэкIэ шэшэным урещхьщ. Сэ сы-Тембулэтщ, си гъусэхэм зыр Iимам Гъазийщ. Мор си шынэхъыщIэщ, Бийщ и цIэр. ЗэшиплI дыхъурти, тIур дунейм ехыжащ.

- Я хьэдрыхэ нэху ухъу, - жиIащ Iимам Гъазий. - Къэрэмырзэхэ цIыху пэжщ, лIыгъэ зыхэлъщ.

Бий и нэщхъ зэхэлъ зэпытщ, бжэм деж щысщи, штабс-капитаным хущIоплъ, и шынэхъыжьми зэзэмызэ хуоплъэкI, зэрыхуэмыарэзыщэри фэ уэ тетщ. Тембулэт ищIэжыркъэ и шынэхъыщIэр зэрытэмакъкIэщIыр - къилъынкIэ тIэу еплъынукъым.

И псалъэм пищащ Тембулэт, Гъазий хуеплъэкIри:

- Тхьэразэ къыпхухъу, Iимам, ди шынэхъыжьитIыр уигу их уакъыми. Гъу анэдэууэ къаукIащ Къырымызэрэ Мэмукъейрэ. КъэзыукIар джаурым яхыхьа къумалщ. И псэр щыхэкIым Мэмукъей уэсят къищIащ: «Дилъ фщIэж». Аращ шэрджэсхэм я деж щтапIэ дыщIихьэжар - абыхэм дадозауэ, дилъ тщIэжыху дадэзэуэнущ. Iимамри ди гъусэщ. Уэ сыт къыджепIэн, урыс офицер?

- Сызэрыофицерыр зыщывгъэгъупщэ, - жиIащ Торнау. - Шэрджэсхэм пщIэ къызэрыфхуащIым сыщыгъуазэщ. Ауэ мызыгъуэгукIэ Iуэхутхьэбзэ къысхуэфщIэн хуейщ - генералыр къэвгъэгугъащ абыкIэ.

- Шэрджэсхэм депцIыжуи? - къилъащ Бий.

- Бий, зэ увыIэт. КъызгуроIуэ, Хьэсэн-бей. Сыт пхуэтщIэн хуейуэ укъызэрытщыгугъыр?

- Хьэмэрэ шэч къытхуэпщIрэ? - жиIащ Бий, штабс-капитаным зыщиIэжьэм.

- Хьэуэ, хьэуэ! Дэ гъуэгу къытщIэлъщ, зым адрейм шэч хуищI хъунукъым. Гъуэгу шынагъуэщ къытщIэлъыр, генералым дзыхь къыщыфхуищIакIэ, сэ абы шэч къытесхьэж хъунукъым.

Псалъэмакъыр заулкIэ зэпыуащ. Тембулэтщ псалъэр къыхэзыдзэжар:

- Ди жылэри, ди мылъкури, дищIри къыдитыжыну дыкъигъэгугъащ генералым. Ар къытхуэфщIэмэ, урысхэм щхьэузыхь захуэтщIынущ, я IэмыщIэ зитлъхьэнурэ игъащIэкIэ дгъэпэжынущ.

- НэгъуэщI псалъи зэхэсхыну сыхуейщ, - жиIащ Торнау. - Ди Iуэхум фызэремыпцIыжынумкIэ тхьэ къысхуэфIуэ. Дунейм ехыжа фи шынэхъыжьитIым я цIэкIэ.

И щхьэр иригъэзыхри, Тембулэт заулкIэ зиIэжьащ. ИтIанэ жиIащ:

- Тхьэ пхуэдмыIуэмэ, уи псэр дзыхь къызэрытхуумыщIыфынур къыдгуроIуэ. АбыкIэ емыкIуи уиIэкъым. СэркIэ тыншкъым ар - дунейм ехыжа ди шынэхъыжьитIым я цIэкIэ тхьэ пхуэсIуэныр: ахэр къэзыукIар урысхэращ. ИтIани... Алыхьым и унафэщ уи щхьэр тхъумэн хуейуэ. Узгъэпэжыну тхьэ пхузоIуэ, си псалъэм сепцIыжмэ, Алыхьыр къызэуэ.

Штабс-капитаныр Бий хуеплъэкIащ:

- Бий акъылэгъу абыкIэ?

- Си тхьэрыIуэр си шынэхъыщIэми и тхьэрыIуэщ, - жиIащ Тембулэт.

- НэхъыщIэр нэхъыжьым зэрыпэрымыуэм сыщыгъуазэщ, - жиIащ Торнау. - Ар я хабзэщ шэрджэсхэм. ИтIани езы Бий и псалъэ зэхэсхмэ, си гуапэт.

- Дэ дышэрджэскъым! - къилъащ Бий.

- Бий! - щIэгубжьащ Тембулэт и шынэхъыщIэм.

- ЕмыкIуу къэсхьащ, - жери Бий и щхьэр щIигуащ. - Си шынэхъыжьым и тхьэрыIуэр сэри си тхьэрыIуэщ. Езы урыс офицерми тхьэ къытхуреIуэ Iуэхутхьэбзэ хуэдлэжьмэ, дыкъызэрагъэгугъауэ хъуар къытхуащIэну.

Жор ищIри, Торнау зэшитIым тхьэ яхуиIуащ.

* * *

ГЕНЕРАЛ Засс и мурадым Торнау щыгъуазэ хъуауэ къыщIэкIащ.

- Дэнэ щыпщIэрэ? - игъэщIэгъуащ Засс. - Нэгъуейхэра къыбжезыIар? Арами, сигу ебгъэркъым, фIыщIэ яхуэсщI фIэкI. Тембулэтрэ Iимамымрэ абазэхэ абрэджхэм епсэлъэн щIадзащ. Бажэм хуэдэщ ахэр - яхуэсакъ, штабс-капитан, уахуэмыбэлэрыгъ.

- Ар зыщызгъэгъупщэнкъым. Бий псэлъэгъуейр сыт и уасэ! НэкIэ уешх.

- Уи нэри тумыгъэкI, - жиIащ генерал Засс. - И къуэшхэм ялъ зэрищIэжынщ ар зи ужь итыр.

- Дзыхь дауэ ебгъэза-тIэ абыхэм?

Генералыр пыдыхьэшхыкIащ:

- Уэращ зи гъусэнури, уи упщIэм и жэуапыр уэ къэгъуэтыж. Къэрэмырзэхэ я лъэпкъыр къызытекIам ущыгъуазэ? Уэрэ сэрэ дызэрынэмыцэ щылъхум дригушхуэркъым. Къэрэмырзэхэ я напщIэ телъщ къызыхэкIа лъэпкъыр зэрыцIэрыIуэм, абы ирогушхуэ. Чингисхъан и щIэблэущ зызэралъытэр, аращ зыщIыхаIэтыкIыр, адрей бгырыс лъэпкъхэм щIепэгэкIыр.

- Шэрджэсхэми епэгэкIрэ?

- Шэрджэсхэм япэ урагъэщынукъым... Къэрэмырзэ зэшитIым сагурыIуэн и пэ къэбэрдей уэркъитI сепсэлъащ. Куэдрэ тхъунщIахэм ящыщщ, я мылъкур зыIэрагъэхьэжын щхьэкIэ, сытри къысхуащIэнут, итIани дзыхь зэзгъэзар нэгъуей зэшитIырщ - ахэр нэхъ къыпхуэсакъын си гугъэщ. Къэбэрдей уэркъитIри IузгъэкIуэтакъым - хэт ищIэрэ къыпщхьэпэжынкIэ зэрыхъунур. Шэрджэсхэм сэ сазэрыхущытым ущыгъуазэщ, уэ абыхэм я хабзэр уощIэ, я пщIэр уолъытэри, ар сфIэтэмэмщ... Дэ ди пащтыхьым дризауэлIщ, ди пщэ къыдалъхьэр догъэзащIэ. Шэрджэсхэм драутIыпщащи, я щхьэр къызэредмыгъэIэтыным и ужь дитщ. Жыжьэ дыхыхьауэ къысфIощI. ди Iуэхум дыпыгъэхьэжи нэхъыфIщ. Хы Iуфэм гъуэгуищ макIуэ. Дэтхэнэ гъуэгура къыхэпхар?

- Си гъусэнухэм къызэрызжаIамкIэ, гъуэгуищри хъунущ.

- Къэрэмырзэ зэшитIым я нэхъыжьым нэхъ фIэзахуэр Абазэхэм икI гъуэгуращ, ар Абхъазым и къуэкIыпIэмкIэ макIуэ. ЩIэнэхъ фIэзахуэр пщIэрэ?

- СощIэ. Къэрэмырзэ Тембулэт Мэршан Мэфэдыкъу и къанщ, абы къигъэщIэ хъунукъым. Сэри нэхъ къызощтэ а гъуэгур. Абхъазым и къуэкIыпIэ щIыналъэм нэгъабэ щыгъуазэ зыхуэсщIащ - зэхэскIухьащ, зы лъагъуи къэзгъэнакъым. Бгым ущхьэдэхмэ, шэрджэсхэм я хы Iуфэм зыщыпплъыхь хъунущ, Абхъазым уихьэху.

ЕтIуанэ махуэм нэху щакъудейуэ, генерал Зассрэ штабс-капитан Торнаурэ гъуэгу техьащ, Псыхуабэ кIуэн хуейти. Абы дзэпщыр къащыпэплъэрт. Барсуковскэ станицэм Iимам Гъазий къащыIущIэнут абыхэм, арат Хьэсэн-бей Псыжь зэпрызышынур.

Гъуэгу здытетым, Къэрэмырзей нэблэгъэху, генерал Засс Торнау иригъэдэIуащ Къэрэмырзэхэ я хъыбар.

- Къэрэмырзэ зэшхэр Псыжь Iуфэ Iус нэгъуей жылагъуэм къыщалъхуащ. Шэрджэсхэм яхэзэгъауэ псэурт Къэрэмырзэхэ. ХуэщIауэ псэурт. Абы тетурэ Кавказ зауэр къэхъеящ, абы хэхутащ шэрджэсхэри, шэшэнхэри, абазэхэри, нэгъуейхэри.

Нэгъуейхэращ урысхэмрэ къэзакъхэмрэ нэхъапэ екIуужар. Къэрэмырзэхи яхэтащ абыхэм. Насып уимыIэмэ, махъшэм утесми, хьэ къодзакъэ. Ар къехъулIащ Къэрэмырзэхи. Зэрыхъуар мыращ: зэгуэрым, бгыщхьэм уэшхышхуэ къыщешхри, Псыжь къиуащ, псым щхьэл кърихьэхащ. Щхьэлыр псым къыхахащ Къэрэмырзэ зэшхэм. Ар Невинномысскэ станицэм и атаманым ейуэ къыщIэкIащ. Атаманыр къедэуащ зэшхэм, суд Iуэху къарищIылIэри, щхьэлыр ятрихыжащ. Ар ягу техуакъым Къэрэмырзэ зэшхэм: шэсри, Псыжь зэпрыкIащ, шэрджэсхэм яхыхьащ, абыхэм гъусэ зыхуащIри, Iэджэрэ къыдэзэуащ.

- ИтIани Къэрэмырзэ зэшитIым дзыхь егъэз хъун сфIощI, - жиIащ Торнау. Iимам Гъазии абрэджхэм щIахыхьам сыт и щхьэусыгъуэ?

- Абы и Iуэхури къызэрекIуэкIар апхуэдэ гуэрущ. И жагъуэгъум пцIы къытрилъхьэри, иригъэубыдащ. Iимамым шэрджэс абрэдж гуп Псыжь къызэпришын мурад иIэщ - бзэгу къытхуихьащ Гъазий и жагъуэгъум. Iимамыр хьэпсым иддзащ, ауэ ткIэщIэкIуэсыкIыжын хузэфIэкIащ...

Шы лъэ макъ къэIуащ: шууищ шыгум къыкIэлъеуэрт.

Генералыр зэплъэкIри дыхьэшхащ:

- Мо шууищым я зыр си хэгъэрейщ. Хьэжрэт Нэкъарэщ. ГъэщIэгъуэнракъэ: гъуэгу сытехьакъэ, сримыхьэлIэнкIэ Iэмал иIэкъым.

- Гъуэгу махуэ, генерал! - жиIащ щIалэ къамылыфэм, блэжрэ пэт. - Генерал Розен сэлам схуехыж!

- Тхьэразэ къыпхухъу, Нэкъарэ, есхыжынщ. Езыри куэдрэ къыпщIоупщIэ.

- Ар си гуапэщ. Ауэ зыщывмыгъэгъупщэ: Псыжь фызэпрыкIмэ, фыщIегъуэжынщ. Сэри си гъусэхэми - Хьэмырзокъуэ Асльэнджэрии Тамбий Асльэнбэчи - фIы къывэхъулIэмэ ди гуапэщ. Зы пщыхьэщхьэ сынеблэгъэнщи, дыуэршэрынщ. Сынытеблэгъэнур шэрджэсыщхьэхэр бжэгъу щхьэкIэм къыфIэпхыжа нэужьщ...

* * *

ЖЭЩЫРхэкIуэтэху Торнау Iимам Гъазий пэплъащ. Уафэр мэгъуагъуэ, щыблэ мауэ, уэшхыр кърекIых. Бжэм зыгуэр къытеуIуащ.

- Хэт ар? - щIэупщIащ Торнау бжэм бгъэдэкIуатэри.

- Сэращ, - Iимам Гъазий бжэщхьэIум къытеуващ. - Хьэзыр ухъуа?

- Сыхьэзырщ, ауэ плъагъуркъэ: дунейкъутэжщ...

- Дэ, абрэджхэр, дызыхуей дыдэщ апхуэдэ жэщыр. Шэрджэсхэри къэзакъхэри я гъуэм исщ мыпхуэдэ жэщым. НакIуэ.

Абыхэм Псыжь Iуфэ кIэ яунэтIащ, уэшхми щыблэми къызэтригъэувыIакъым.

- Ушууейщ уэ, Хьэсэн-бей. Дунейкъутэжми ущыщтакъым.

Iимамыр къызэрыщытхъуар и гуапэ хъуащ штабс-капитаным.

- Къэзакъхэр Псыжь и Iуфэм щощтэ. Дэ дауэ дехъулIэну пIэрэ? ЗыкъыскIэрумыгъэху, Хьэсэн-бей.

Псыжь псыхъуэ щхьэщыта уафэгъуагъуэр щхьэщыкIри, ИнжыджкIэ, УарпкIэ, ЛабэкIэ Iэпхъуащ, арыххэуи ужьыхыжащ.

Шухэр хуейм ихьэри епсыхащ.

- Уджаурми, нэмэз уощIри, ара хъунщ Тхьэм и нэфI къыщIытщыхуар, - жиIащ Iимамым, нэгъуейбзэкIэ къыщIигъужащ: - Я дэ ди Тхьэ, мыбы сызэрыдэIэпыкъум щхьэкIэ уигу къызумыгъабгъэ. ЖаIэр пэжмэ, джаур зыукIым и жэнэтыбжэр хузэIухащ. Жэнэтми сыхуэпIащIэркъым иджыпсту, си унагъуэр абыхэм я IэмыщIэ ильщи. Мы си гъусэр ди диным къисшэфатэмэ, си насыптэкъэ! Хэт ищIэрэ, ари схузэфIэкIынкIэ мэхъу, уэ къабыл пщIымэ.

- Уи Тхьэм сыт узэрелъэIуар, Iимам?

- Си закъуэкъым ар зи Тхьэр, дунейм тет псоми я Тхьэщ, - жиIащ Iимамым. - УщышэшэнкIэ, уэри уи Тхьэщ. Ар уи фIэщ мыхъумэ, дыщIежьар къыдэхъулIэнукъым. Уэ, джаурыр, ди гъунэгъу шэрджэсхэм я лъахэм узэрысшэм щхьэкIэ игу къызэмыбгъэну селъэIуащ ди Тхьэм. НэгъуэщI гуэркIи селъэIуащ. Ауэ ар иужькIэщ.

- ИужькIэмэ, иреиужь, - пыдыхьэшхыкIащ Торнау. - Абы зыгуэр къыбох уэ: дзыхь къысхуэпщIыркъым, пэжкъэ?

- Апхуэдэу жумыIэ, дэ ди псалъэм депцIыжыркъым.

Нэху щыху щIэтащ мэз кIыфIым. Зы псынащхьэ нэху щауэ екIуэлIащ.

- Шыхэр тлъэхъэнкъым. Зыдгъэгъущыжынщ, дышхэнщи, заулкIэ зыдгъэпсэхунщ - гъуэгу къытщIэлъщ иджыри, - жиIащ Iимамым. - Нэгъуейхэми дунейм зыгуэр хыдощIыкI. Шэрджэсхэр щапхъэ тхуэхъуащ, ахэращ дэ дызыдэплъейр.

Уафэгъуагъуэри уэшхри щхьэщыкIащи, мэзыр даущыншэщ. Андез ищтэри, нэмэз ищIащ Iимамым. Торнауи ищIащ нэмэз. Гъазий мафIэ зэщIигъэстащ.

- Мэз нэщI жыхуаIэращ: иджы тIэкIу дедзакъэкIэ, емыкIу диIэкъым. Ди хьэзырымкIэ дызэIурыунщ.

Iимамым мафIэм къыпэрихыжа лы гъур гъэжьамрэ кхъуей плъыжь гъэгъуамрэ Торнау и пащхьэ кърилъхьащ.

- Едзакъэ. Гъуэгу утетмэ, мыбы нэхъ шхыныфI щыIэкъым. Тембулэт къэсыжыху, ди пIэ дисынщ.

* * *

БЕСЛЪЭНЕЙМИ, Абазэхэми, КIэмыргуейми щыцIэрыIуэ абрэджхэм ящыщащ Хьэжрэт Нэкъарэ, Хьэмырзокъуэ Асльэнджэрий, Тамбий Асльэнбэч сымэ.

Абазэхэхэм пщы яIакъым. Беслъэнейр зи унафэм щIэтар Къанокъуэпщырщ, кIэмыргуейхэр БэлэтокъуэпщIым и IэмыщIэ илъащ. Я мылъкурэ я пщIэкIэ ахэр къахэщырт я лъэпкъэгъухэм.

Абрэджхэм, лъхукъуэлIхэмрэ уэркъхэмрэ нэмыщI, пщыи яхэтащ.

Хьэмырзокъуэ Асльэнджэрий и адэр, Беслъэн, генерал Ермоловым Къэбэрдейр зыIэщIилъхьэн и пэ хуэкъулейуэ, и цIэр жыжьэ щыIуауэ къэгъуэгурыкIуащ. И къуэшри хуэщIат. Зэшхэм къуэ зырыз яIащ - Асльэнджэрийрэ Адылджэрийрэ. ТIури щхьэмыгъазэт, хахуэт, Iэрыубыд пхуэщIынутэкъым. Я уни я лъапси къызэранэкIри, зэшхэр бгым ихьэжащ, Беслъэнейхэмрэ абазэхэхэмрэ я деж зыщагъэпщкIуурэ илъэсищ ирахьэкIащ, ар къащыIэщIэужагъуэм, Ермоловым хъыбар кърагъэщIащ ди унэ декIуэлIэжынущ, жари. Генералым ар яхуидакъым, ауэ Уарпрэ Инжыджрэ хэщIапIэ зыхуэхъуа къэбэрдей хьэжрэтхэм яхэтIысхьэнумэ, къазэрыпэрымыуэнур къажриIащ. Хьэмырзокъуэ Беслъэн къэбэрдей хьэжрэтхэм пщы уэлий яхуэхъуащ.

ЗэшитIым я къуэхэр, Асльэнджэрийрэ Адылджэрийрэ, лIыфIыгъуэ зэримыгъахуэ хъуащ. Адылджэрий елъытауэ Асльэнджэрий нэхъ бзаджэт, IэщакIуэт, абы псори щышынэрт, зыпэщIагъахуэртэкъым, къыпакIухьмэ, нэхъ къащтэрт. Адылджэрий цIыху щабэт, щэныфIэт, ар псоми фIыуэ ялъагъурт.

Къанокъуэпщым и шыпхъу дахэкIейм, Гуащэхужь, и цIэр щыIум, Асльэнджэрийрэ Адылджэрийрэ ар зэпаубыдащ.

Псэлъыхъухэм яку дэмыхьэн щхьэкIэ, Къанокъуэ Етэч жиIащ:

- Си шыпхъум и унафэр езым ирещI, абы къыхихымкIэ сыарэзыщ.

Ар жиIа щхьэкIэ, Етэч арэзыуэ и шыпхъур Адылджэрий игъэкIуэсащ.

Асльэнджэрий сабэр дрипхъеящ.

- КIуэсари зыгъэкIуэсари насыпыншэ хъуауэ флъагъунщ, - жиIащ абы.

Я ужь икIа хуэдэу зищIащ, ауэ и гур тIуми яхуэплъырти, Асльэнджэрий абыхэм удын зэраридзын Iэмалхэр къиулъэпхъэщ зэпытт.

Асльэнджэрийрэ Адылджэрийрэ зэрагъэкIужын мурад яIащ Iыхьлыхэм, ауэ ар Асльэнджэрий и тхьэкIумэм иригъэхьакъым. Адылджэрийрэ Гуащэхужьрэ Шэшэным зыщагъэпщкIуащ. Ар игу техуакъым Асльэнджэрий: и адэ къуэшыр, Адылджэрий и адэр, иукIащ.

Уарпрэ Инжыдж псыхъуэрэ дэс адыгэхэр лъэныкъуитI зэрищIыкIащ абы и ужькIэ - Асльэнджэрий и телъхьэхэмрэ Адылджэрий къыдэщIхэмрэ. Хьэмырзокъуэ Асльэнджэрийрэ Тамбий Асльэнбэчрэ абрэджу ежьэжри абазэхэхэм яхыхьащ. ХыхьэхэкI зиIэ щIалэ бзаджэр, Асльэнджэрий, абазэхэхэм щIэх дыдэ яхэсыхьащ, бгъэдыхьэпIэ зыхуимыгъуэтар Къанокъуэпщырт: а тIур щызэрихьэлIи къэхъурт, ауэ я гупэ зэхуагъазэртэкъым. Къанокъуэпщри иукIын къызэфIэнэнутэкъым Асльэнджэрий, ауэ абазэхэхэмрэ беслъэнейхэмрэ ар къызэрыхуамыдэнур ищIэрти, зишыIэрт.

Асльэнджэрий и гур зыхуэплъыпэр Къэрэмырзэ зэшхэрт - ер зи бжьэм къикIар ахэрауэ илъытэрт.

- Флъагъуркъэ а нэгъуей зэшитIыр зэрыщыкIар: шэшэн абрэджыр дэни хуейми яшэ, - жиIэрейт Асльэнджэрий. - Урысхэм псэхугъуэ къыдатыркъым, абы ищIыIужкIэ а шэшэнри къытхаутIыпщхьащ.

Нэкъарэ къыпхуэгъэпцIэнт абыкIэ! «Плъагъуркъэ ар зэщэр. Хейуэ зелъытэж езым, итIани жэщ къэс инэрал Засс деж макIуэ, - Нэкъарэ щыгъуазэт абы. - Къэрэмырзэхэ хэхэсущ зэрилъытэр, езыр дэнэ къыздикIар? Къэбэрдейм къизыхуар урысхэрауэ жеIэ. Ар пцIыщ. КъэкIуэсащ. Инэралым бзэгу хуихьурэ мащIэ иригъэукIа! Ди мыгъуагъэ псори къызыхэкIыр дызэрызэкъуэмытыращ. Адыгэхэр лъэпкъ пщыкIутI дохъури, жыг пщыкIутIым дыхуэдэщ, мэз дыщыхъунур тхьэм ещIэ».

- ЛIо, Нэкъарэ, узэгупсысыр? Зыкъысхуэбгъэгусэрэ?

- Хьэуэ. Ди Iуэху зыIутыращ сызэгупсысыр: дызэкъуэткъым, дызэрыIыгъкъым, - жиIащ Нэкъарэ, гупсысэм къыхэкIри. - Аращ тегушхуэгъуафIэ дыщIащIар.

- Узахуэщ, - акъылэгъуу хъуащ Хьэмырзокъуэр. - ИтIани уи щхьэм фIэкI укъэзымыгъэпцIэжын слъагъуркъым. Пэжкъэ, Асльэнбэч?

- Пэжым нэр ирещI, - жиIащ Тамбийм.

- Ермоловым Къэбэрдейм кIэ иритыху, дэ жьэгум дыдэсащ. «Ди деж къэсынукъым!» - аращ дызыщыгугъар. КъэбэрдеймкIэ загъэнщIын ди гугъащ. Абазэхэхэм, беслъэнейхэм, кIэмыргуейхэм щхьэкIэ бжьэдыгъухэмрэ шапсыгъхэмрэ жаIэр фщIэрэ?

- Урысхэм ящытхъумэфын я гугъэ хъунщ, - жиIащ Тамбий Асльэнбэч.

- Ардыдэрщ, - акъылэгъу хъуащ Хьэмырзокъуэр.

Абы Хьэжрэт Нэкъарэ дежьууащ:

- Аращ сигу щIэныкъуэр. Къанокъуэпщми аращ жиIэр. Шэджырей сокIуэ, пщым деж. Гъусэ фыкъысхуэхъуну мэ, си гуапэщ.

- Къанокъуэпщымрэ сэрэ дызэрызэмыфIыр уощIэ, - жиIащ Асльэнджэрий. - Лей къызихащ, итIани сигу ебгъэркъым. ФIэхъус схуехыж.

Гуащэхужь къэкIуэжауэ и дэлъхум, Къанокъуэпщым, и унэ зэрисыр яжриIэн и гугъащ Нэкъарэ, арщхьэкIэ зишыIащ, шым елъэдэкъауэри зричащ.

- Шэшэн хьэжым дылъыгъэгъуазэ, - жиIащ Хьэмырзокъуэм. - Дэнэ нашэсауэ пIэрэ Къэрэмырзэ зэшхэм?..

* * *

ЖЕЙМ езэгъыртэкъыми, Торнау къэтэджыжащ, Шэрджэсым щилъэгъуар итхыжын щхьэкIэ. СтIолым бгъэдэтIысхьа къудейуэ, подполковник Малышевскэр къыщIыхьэри, конверт къыхуишиящ:

- Мыр уэращ зейр, Тифлис къокI.

Тифлис кърахыкIам еджэри, штабс-капитаным жиIащ:

- Ди Iуэхум зехъуэж. Си унафэщIхэр щыгъуазэкъым гъусэ сызэримыIэжым.

- СыткIэ сэбэп сыпхуэхъуфын, зиусхьэн штабс-капитан?

- Гъусэ схуэхъун сыхуейщ, шэрджэсыбзэри урысыбзэри фIыуэ ищIэу, шэрджэсхэм дзыхьи кърагъэзу, пщIэи къыхуащIу.

- Апхуэдэ дгъуэтынущ.

- Хэт?

- Ло Мэмэтджэрий. Дзыхь худощI, уэ уи ныбжьынущ. Шэрджэсхэм пщIэ зыхуащI абазэ пщы лъэпкъым къыхэкIащ, урысыбзэкIэ уэр-сэрщ, ТIуапсэ кIуэ гъуэгуми щыгъуазэщ.

Штабс-капитан Торнаурэ Ло Мэмэтджэрийрэ етIуанэ махуэм зэрыцIыхуащ, къащIэлъ Iуэхум тепсэлъыхьащ.

Штабс-капитаным жиIащ:

- Гъусэ дызэхуэхъун си гугъэщ.

- Ар гъуэгум къигъэлъэгъуэнщ, штабс-капитан.

- Узахуэщ, Ло и къуэ. Гъуэгуращ псори щагъэунэхур.

- Сызэрыноджэнур къызжепIамэ, си гуапэ хъунут, - пыгуфIыкIащ пщыр.

- Шэрджэсым Хьэсэн-бей хьэжыкIэ къыщызоджэ, сышэшэнущ зэращIэр. Хы Iуфэм, сыщыIащ, Артокъуажэ сыкъокIыж. Ди Iуэхум тепщIыхьмэ, сэр щхьэкIэ абы нэхъыбэ пщIэну ухуейкъым - гъуэгум дыщызэрихьэлIэри дызэрыцIыхуащ. Уи гугъуехьыпщIэр зыхуэдизынур къызжеIэ.

- Подполковник Малышевскэм къызэрызжиIамкIэ, си адэ къуэшыр Вознесенскэ быдапIэращ щаIыгъыр. КъыздэIэпыкъуи, ар къысхуегъэутIыпщыж. Си адэ къуэшыр зыIыгъ къэзакъыр соцIыху: Петрусенкэ Григорийщ зэреджэр.

Торнау игу къэкIыжащ мэзым щыщIалъхьэжа къэзакъ щIалэм Петрусенкэ зэриунэцIэр.

- Вознесенскэ е Прочнэ Окоп дызэрыдыхьэ нэхъ хэлъынкъым: уи адэ къуэшыр щхьэхуит хъужынщ. Уэ ухьэзырмэ, пщэдей нэхущым дежьэнщ.

- ЗэрыжыпIэщ, Хьэсэн-бей хьэжы. Зыр зым игъэпэжын гъусэ дызэхуэхъун си гугъэщ.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Адыгэхэр плъыру щысщ.
Сурэтыр **Гагарин Григорий** *ищIащ.*

●Абы дегъэпІейтей

МысратІэ къалэм адыгэ унагъуэ 5.000 щопсэу.

Ливиемрэ адыгэхэмрэ

Тхыдэр зыхъумэ тхылъыжьхэм кьибгъуэтэнущ Ливие къралыгъуэм пасэ зэманхэм адыгэр щыпсэуауэ зэрыщытам теухуа тхылъхэр. Абыхэм я лъэр а къралым нахусауэ щытащ Африкэ Ищхьэрэм. Щыкуарыгъыхьи Іуфэр къэзыухъурерэ, щІыналъхъэр я зекІуапІэжьу щыщыта лъэхъэнхэм. Ауэ ахэр тхыдэм кьигубзыгьажми, дэ куэдым дыщыгъуазэкьым, ар къэзыхутэн тхыдэтх щыІэкьыми.

УЭСМЭН пащтыхьыгъэм и нужьрей лъэхъэнэм и къэхъукащІэхэр тхыдэм ихьумащ. XVIII-XIX лІэщІыгъуэхэм Ливиер тырку-хэм я зы щІыналъэ щыташ, абы ис адыгэхэми къралыгъуэм и гъащІэм увыпІэшхуэхэр щаубыдырт. Псалъэм папщІэ, Чэбар-Мухьтар-бэч Ливием и Гъурбан кьалэм кьищалъхуащ. 1878 гъэм, Балканым кьищыхьеэ зауэм и ужькІэ, и анэ-адэр Истамбул кьыдэкІри, Ливием Іэпхъуащ. А унагъуэм кьыхэкІащ а къралым и политикэ гъащІэм жьыдэрэ хэта лЫщхьэ куэд.

КІэнкІэ Хьусен РэІуф-бей Ливием и кьалащхьэ Триполи 1875 гъэм кьищалъхуащ, ар убых унагъуэм кьыщыхъуащ. Абы и адэ Шэр-джэс Ахьмэд-пэщэ Тыркум кьиІэпхьукІри, Ливием кьэкІуащ. 1899 гъэм дзэзешэхунухэр щеджэ академиер абы кьыщиухащ.

Тепсэрыкьуэ Мухьмэд Шэмсудин-пэщэ 1855 гъэм Псыжь Іуфэ кьыщалъхуащ. Илъэсибгъуэм итУ, и адэ-анэм я гъусэу, Тыркум Іэпхъуащ. Абы политик щІэрыІуэ щыхъуащ, Тыркур хамэ къэралхэм пызыщІэ Іуэхуащ Іапіэм кьулыкъушхуэхэр щиІыгъащ. И нужьрей кьулыкъур Ливием щрихьэкІащ, а къралым щыІащ тырку сультаным и лЫкІуэу.

Ливием кьыщыхъуа адыгэхэм я кьекІуэкІыкІэри тхыдэм кьыхощыж. Мысырым и тет Мухьэмэд Алий и дзэ гущІэгъэнущэр Мароккэ къришри, адыгэр зэтригъэуКІэу щІидзащ. 1811 гъэм Каир дэт быдапІэм адыгэхэр гъэпщІагъэкІэ диубыдэри, куэд дыдэ зэтриуКІащ. А лъыгъажэ зауэм щыгъуэ Мысырым ис адыгэхэр Суданым Іэпхъуащ. Иужьым Ливием КІуэри, иджырей МысратІэ къалэр яухуащ. Щыпсэу цІыху бжыгъэ епытакІэ, Ливием и къалэхэм ящыщу ар ещанэщ. Адыгэхэр щопсэу Бенгъази къалэми. А къалитІым адыгэ унагъуэу минитху-минитху дэсщ. Ахэр Ливием ис хьэрыпІ лакъуэхэм я нэхъ лъэщхэм, нэхъ инхэм хабжэ, щІыпІэ зэрысми «Шэрджэс районкІэ» йоджэ. Абы кьищынэмыщІауэ, адыгэхэр нэгъуэщІ щІыпІэхэми хэпхьауэ щопсэу.

Ливием щыпсэу адыгэхэм я нэхъыбэр сату Іуэхум хэтщ, нужьрей лъэхъэнэхэм абыхэм къэралкъулыкъым емыпха лэжьыгъэм нэхъ зратащ. Кьапщтэмэ, ди лъэпкъэгъуэхэр хъарзынэу мэпсэу. МысратІэ кьалэ и уэрамхэм дзэ тыкуэнхэм «шэрджэс» жиІэу тетхауэ, адэкІэ ар зейм и щІэ-унэщэр пытыжу урохьэлІэ. Абыхэм я бзэр ямыщІэжми, лъэпкъ хабзэр я щІэІэхуами, я тхыдэм щымыгъуазэми ухьрыщ жеепІэу ядунукьым, адыгэу, шэрджэсу залыгъэжри.

Я лъэпкъ Іуэхум игъэгумэщІу зэрыщытым и щыхьэтщ Бенгъази къалэ дэс адыгэхэм Адыгэ ФІыщІэ Хасэ кьыдзэрызэрагъэпэщар. Хасэм кьалэн нэхьыщхьэу зыхуигъэувыжащ дуней псом тет адыгэхэм запащІэну, абыхэм ядэлажьэу я Іуэхур зэтриублэну. Апхуэдэ мурад яІэу абыхэм я лЫкІуэхэм зыкърагъэхьэлІат 1998 гъэм Краснодар (Бжьэдыгъуькъалэ) щызэхэта Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэІущІэшхуэм. Ливием щыІэ адыгэхэм я щІэкІэ а зэІущІэм кьыщыпсэльащ Лэхьуми Мухьэмэд (Кьэбэрдей). Абы щыгъуэм Мухьэмэд жиІат Ливием ис адыгэхэр мини 135-рэ зэрыхьур. Езы Лэхьумир 1964 гъэм Ливием кьыщалъхуащ, абы ще-джащ, иужькІэ и щІэныгъэм Лондон щыпащащ. И адэшхуэ Аслъэн пащтыхь Идрис и дзэм хэту кьулыкъу ищІащ.

Ливием ис адыгэхэм я лъэпкъ дамыгъэр я Іэщ-бым традзэрт, кьызыхэкІа лІакъуэр кьрагъэлъагъуэу. А хабзэр Хэкум здрахами, здэкІуам кьыщагупсысами тщІэркьым. Абыхэм идкьыри адыгэ шхыныгъуэ гуэрхэр я унагъуэхэм щапщэфІ. Апхуэдэущ щІэпсэльагъэ щыта Ливиер республикэ зышІар. 1919 гъэм Ливием ис лъэпкъхэм Мухьтар хуагъэфэщат республикэщІэм и унафэщІ кьулыкьур. Ар щхьэкІэ «Ливием и унафэщІ хьун хуейр а къралым игъащІэ лъандэрэ щыпсэу лъэпкъэм ящыщщ», - жиІэри идатэкьым.

Абы кьызэригъэпэщащ Ливием щызэхэт «Лъахэ» зэтеувэным хэлІыфІыкьащ адыгэ лъэпкъым кьыхэкІа лЫ ахъярэзман зыбжанэ.

Апэрей лЫщхьэр Ливием и лъэпкъ зэщІэхьееныгъэм и пашэу щыта Кьул Мухьтарбэч Кэбарщ. Ар 1878 гъэм Ливием хыхьэ Гъурбан районым кьыщалъхуащ, лъэпкькІэ къэбэрдейщ, Балкан зауэр увыІа иужь, Тыркум кьиІэпхьукІыу Ливием кьихьа адыгэ унагъуэхэм кьахэкІащ. 1896 гъэм Триполи кьалэ дэтІысхьащ, абы щІэныгъи щызэригъэгъэтащ.

Италиер Ливием щытеуам Кьул Мухьтар илъэс 35-м итт. Ар ящыщщ зыхэт гупым закьыкІэримыгъэхуу япэу бийм пэщІэуваxэм, хэку хуэхъуа Ливиер ядихьмэну. Ар цІыху гъэсат, зэпІэзэрытт, щІэныгъэ куу зыбгъэдэлът, абы кьыхэкІыуи и гъусэхэм дзыхь кьыхуащІырт, чэнджэщэгъуи яхуэхъуфырт.

Кьулыр Ливием кьы- щыхьу политикэ зэщІэхьееныгъэ псоми пашэу хэтащ икІи аращ пащтыкьыгъуэу щыта Ливиер республикэ зышІар. 1919 гъэм Ливием ис лъэпкъхэм Мухьтар хуагъэфэщат республикэщІэм и унафэщІ кьулыкьур. Ар щхьэкІэ «Ливием и унафэщІ хьун хуейр а къралым игъащІэ лъандэрэ щыпсэу лъэпкъэм ящыщщ», - жиІэри идатэкьым.

Абы кьызэригъэпэщащ Ливием щызэхэт «Лъахэ» зэтеувэным хэлІыфІыкьащ адыгэ лъэпкъым кьыхэкІа лЫ ахъярэзман зыбжанэ.

Апэрей лЫщхьэр Ливием и лъэпкъ зэщІэхьееныгъэм и пашэу щыта Кьул Мухьтарбэч Кэбарщ. Ар 1878 гъэм Ливием щыІэ адыгэхэм я щІэкІэ а зэІущІэм кьыщыпсэльащ Лэхьуми Мухьэмэд (Кьэбэрдей). Абы щыгъуэм Мухьэмэд жиІат Ливием ис адыгэхэр мини 135-рэ зэрыхьур. Езы Лэхьумир 1964 гъэм Ливием кьыщалъхуащ, абы ще-джащ, иужькІэ и щІэныгъэм Лондон щыпащащ. И адэшхуэ Аслъэн пащтыкь Идрис и дзэм хэту кьулыкъу ищІащ.

Ливием ис адыгэхэм я лъэпкъ дамыгъэр я Іэщ-бым традзэрт, кьызыхэкІа лІакъуэр кьрагъэлъагъуэу. А хабзэр Хэкум здрахами, здэкІуам кьыщагупсысами тщІэркьым. Абыхэм идкьыри адыгэ шхыныгъуэ гуэрхэр я унагъуэхэм щапщэфІ. Апхуэдэущ щІэпсэльагъэ щыта Ливиер республикэ зышІар. Абы и щІыкІэр хьэлІамэращ нэхъ эшІэхьыр. Гуэдэ хьэжьгъэм кьыхащІыкІ, хупщІынэу ящщ, хьэл хьуейуэ яхури, псым хадзэри ягъавэ. Кьыхахыжа иужь фошыгъупс е фо текІауэ Іэнэм трагъэувэ.

XVIII лЭщІыгъуэм и кІуэхым, XIX лЭщІыгъуэм и щІэдзапІэм хуэзэу иджырей Ливием и кьэралыгъуэр зэтеувэным хэлІыфІыкьащ адыгэ лъэпкъым кьыхэкІа лЫ ахъярэзман зыбжанэ.

Апэрей лЫщхьэр Ливием и лъэпкъ зэщІэхьееныгъэм и пашэу щыта Кьул Мухьтарбэч Кэбарщ. Ар 1878 гъэм Ливием щыІэ адыгэхэм я щІэкІэ а зэІущІэм кьыщыпсэльащ Лэхьуми Мухьэмэд (Кьэбэрдей). Абы щыгъуэм Мухьэмэд жиІат Ливием ис адыгэхэр мини 135-рэ зэрыхьур. Езы Лэхьумир 1964 гъэм Ливием кьыщалъхуащ, абы ще-джащ, иужькІэ и щІэныгъэм Лондон щыпащащ. И адэшхуэ Аслъэн пащтыкь Идрис и дзэм хэту кьулыкъу ищІащ.

Ливием ис адыгэхэм я лъэпкъ дамыгъэр я Іэщ-бым традзэрт, кьызыхэкІа лІакъуэр кьрагъэлъагъуэу. А хабзэр Хэкум здрахами, здэкІуам кьыщагупсысами тщІэркьым. Абыхэм идкьыри адыгэ шхыныгъуэ гуэрхэр я унагъуэхэм щапщэфІ. Апхуэдэущ щІэпсэльагъэ щыта Ливиер республикэ зышІар. Абы и щІыкІэр хьэлІамэращ нэхъ эшІэхьыр. Гуэдэ хьэжьгъэм кьыхащІыкІ, хупщІынэу ящщ, хьэл хьуейуэ яхури, псым хадзэри ягъавэ. Кьыхахыжа иужь фошыгъупс е фо текІауэ Іэнэм трагъэувэ.

XVIII лЭщІыгъуэм и кІуэхым, XIX лЭщІыгъуэм и щІэдзапІэм хуэзэу иджырей Ливием и кьэралыгъуэр зэтеувэным хэлІыфІыкьащ адыгэ лъэпкъым кьыхэкІа лЫ ахъярэзман зыбжанэ.

Ар Ливием хыхьэ Триполи кьалэм щыпсэу адыгэ унагъуэм кьыхэкІащ. Абы и адэ Музафер-пэщэ Ливием и губернаторэу щытащ. 1899 гъэм Дениз кьалэ дэт дзэ еджапІэр кьиухащ, адэкІэ и щІэныгъэм щыхигъэхьуащ Америкэм, Инджылызым, Германием.

Ливием и щхьэхуитыныгъэм щІэбэну кьиІэта зауэхэм хэтащ КІэнкІэри. 1912 гъэм Балканым кьыщыкьеэзауэми и зэфІэкІ щигъэлъэгъуащ. Ар лЫхьужь нэщ щыхьуар Дэрдэнел дэкІыпІэм и деж алыджхэм я кхъуЫдзэр зэтрикъута ияжьщ. Абы щыгъуэм РаІуф-бей кьыфІащауэ щытащ «Хьэмидие и лЫхьужь» щІэ дьапІэр. 1922 гъэм Тырку Республикэм и премьер-министр хьуащ. 1964 гъэм ар Истамбул кьалэ дунейм щехьажащ.

Ещанэ лЫщхьэр Кьулсрокьуэ Мухьэмэд Шэмсудин-пэщэрщ. Ар 1855 гъэм Псыжь Іуфэ кьыщалъхуащ. И ныбжьыр ильэси 9-м иту хэкум ирашри, Тыркум кьыщыхутащ. «Дудат Сэрей» политикэ еджапІэр кьиухащ, иужькІэ и еджэным Истамбыл щыпащащ. 1912 гъэм ар Ливием ягъаКІуэ уэсэмэн сультІаным и унафэр абы щигъэзэщІэну. А лъэхъэнэм Италиер ерыщу къуват Ливиер зыНэмилльхэну. Кьулсрокьуэр абыхэм ягъэуващ, я мурадхэри кьызэпиудащ.

Кьулсрокьуэм кьулыкъу лъагэхэр иЫыгащ: 1894 - 1908 гъэхэм Тыркум и лЫкІуэу Ираным и кьалащхьэ Тегеран дэсащ, иужькІэ мусЫымэн Іуэхущ Іапіэхэм я унафэщІу лэжьащ.

Ар сыт хуэдэ ІэнатІэ Іуатами, кьызыхэкІа лъэпкъыр и гум зэи ихуакъым, ар псом япэ иригъэщу, зэрыльэкІкІэ ядэІэпыкъуу и гъащІэр ирихьэкІащ. 1908 -1923 гъэхэм лэжьа Адыгэ ФІыщІэ Хасэр зыуухуахэм яхэтащ, «Гъуазэ» газетым и тхыгъэхэр кьытрадзэрт. Адыгэ лъэпкъым зы тхыбэр иІэу ищІыну хэтащ икІи абы теуха тхылъхэр кьыдигъэкІауэ щытащ. 1917 гъэм Кьулсрокьуэр Истамбул дунейм щехьажащ.

ИДЖЫРЕЙ Ливием адыгэ лъэпкъым и быну кьыщыныхуар политикэ цІэрыІуэ Умар Мухьсин жьхуаІэращ. Ар Ливием и лЫщхьэ Каддафи и гъусэу утыку кьихьащ, ильэс зыбжанэкІэ премьер-министру щытащ. Иужьым Каддафирэ езымрэ зэгурымІуэж хьури, кьэралыр ибгьиащ.

Ливиер зэфІэувэным я зэфІэкІ мымащІэу халъхьащ адыгэхэм. Нобл а къралыгъуэм щекІуэкІ гъащІэм и курыкупсэм хэтэщ. Дуней псом щызэбгрыдза щэрджэс псоми хуэдэу, мыбдхэми хэкужьыр я плъапІэщ. Апхуэдэу адыгэ псори нобэ имыгъэгузавэу щыткъым Ливием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм я Іуэху зыІутым. Си гугъэмкІэ, Дуней-псо Адыгэ Хасэм и псалъэ а Іуэхум хилъхьэн хуейщ.

КЪАЛМЫКЪ Адиан.

МысратІэ щыщ адыгэхэм текІуэныгъэр ягъэльапІэ.

«Ныбжьэгъуэхэм я гушыІэ»

●Хъыбарегъащіэ

УФ-м и цІыхубэ артист ТІыхьужь Алий и фэеплъу ильэс къэс КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм кьызэригъэпэщу иригъэкІуэкІ «Ныбжьэгъуэхэм я гушыІэ» Кавказ Ищхьэрэ театральнэ фестивалым фрагъэблагъэ. Ар щекІуэкІынущ Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэу Налшык дэтым мэлыжьыхьым и 8-м сыхьэт 18-м щІидзэу.

Зэхьыхьэм хэтынущ гушыІэ жанрым ирилажьэ актёрхэр, эстрадэм и артистхэр.

УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ хъунущ 47-23-68 телефонымкІэ.

● Спорт хъыбархэр

Европэ утыкум йохьэ

Мэзкуу щекІуэкІащ УФ-м Іэпщэрыбзэмкіэ и 20-нэ чемпионат. Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ кьыхэкІар апхуэдэ зэхьэзэхуэщхуэхэм япэ дыдэу зэрыхэтам емытъытауэ, екъуІэныгъэфІхэр зыІэрагъэхьащ.

ДИ СПОРТСМЕНХЭМ ящыщу къэралым и чемпион хъуащ Лий Арсенрэ Габаюв Викториерэ. Зэхьэзэхуэм зэрыщытекІуам и фІыгъэкІэ, абыхэм Іэмал ягъуэтащ накъыгъэм Тыркум щекІуэкІыну Европэ чемпионатым хэтыну.

Ди республикэм и командэ кьыхэхар ягъэхьэзыр Катаев Таймуразрэ Казиев Михаилрэ.

Джэрыджэм и текІуэныгъэ

Хасавьюрт щекІуэкІащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІынальэм тхэквондомкІэ и зэ хьэзэхуэ. Абы нрихьэлІащ спор тсмен 200-м щІигъу.

КЪЭБЭДЕЙ-Балъкъэрым и щыхьыр зэкьэзэхуэм щызэхьымахэм ящыщу Джэрыджэ Аслъэн щыбэна гупым пашэ щыхъуащ. Дыжьын медалыр кьыльысащ Абрэжв Альбинэ, Гурьяновэ Валерие ещанэщ.

Топ нэхъ дахэ дыдэр дэзыгъэкІа икІи ещанэ джэгугъуэм щынэхъыфІа Концедалов Роман

«Спартак-Налшыкымрэ» Санкт-Петербург и «Зенит»-мрэ я зэІуэлэм жыджэру зыкъыщигъэльэгъуащ икІи къыщыхэжаныкІащ налшыкдэсхэм я гъуащхьэхъумэныкъуэ Концедалов Роман.

ДЖЭГУГЪУЭ къэс «Спорт-Экспресс» газетым иригъэкІуэкІ щІэупщІэныгъэхэм къызэрагъэльэгъуащи, зэІущІэм и бжыгъэр 2:2-м хунгьакІуэу Концедаловым «Зенит»-м и гъуэм дигьэкІа топыр Урысей Федерацэм и премьер-лигэм щекІуэкІа ещанэ джэгугъуэм щынэхъ дахэ дыдэу кьалъытащ. КьищынэмыщІауэ, футбол Іэщ1агъэлІ зэуэщІэхэм Роман тхьэмахуэ блэкІам къэралым и футболист нэхъыфІу кьыхахащ.

КЪЭХЪУН Бэч.



Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Прохладнэ куей

ЕджакІуэхэм я тхыгъэ

Гъатхэпэм и 31-м Прохладнэ кьалэм щыщІидзащ «Урысей зэкьуэт» урысейпсо политикэ партым и щІыпІэ къудамэм, кьалэ администрацэм щІалэгъуалэ политикэмкІэ, Іэпкьлъэпкьым зегьэуэжьыныкІэ и къудамэм, ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм зэгъусэу кьызэрагъэпэща «ЕджакІуэхэм автомобиль гублащхьэхэм зэрызыхуагьаэз тхыгъэ» жьхуиІэ Іуэхущіафэр.

А ІУЭ ХУГЪУЭМ хэтыну ГупыкІ ящІащ япэ классым щІэсхэм щегъэжьауэ курыт еджапІэр кьэзыуухэм нэсыху кьызэщІэзыубыдэ школакІуэ 400-м нэблагъэ. ЦІыкІуэхэм я тхыгъэмкІэ щамизэхэгъэхэм зыхуагъаэз кьыщажьхьыкІэ нэхъ набдзэгубзапльэу щытынэу, гъуэгум щызекІуэ хабзэм емыбэкъуэнхэ эу, льэсырызекІуэхэм яхуэсакьынхэу.

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и щІыпІэ кьудамэм и унафэщІ Скляровэ Тать янэ зэрыжиІамкІэ, Прохладнэ кьалэм и гъуэпуэм щытыкІэр щыгугъуу:

- Гъуэпуэм кьыщыхъу насыпышагъэхэм я процент 80-м нэблагъэр цІыхухэм я щхьэзэфІэфагьым кьыхокІ. Дэ кьызэрыгъпытэмкІэ, апхуэдэ щытыкІэм зыпхуегьэхьуэжьнущ. Сыту жыпІэмэ, псори зэкъэгІажаг ешы цІыхухэм я дуней тетыкІэрэщ. Гуль зыІыгъ дэтхэнэри кьыхудодкэ гъуэгуэхэм щысакъыну, абыхэм зэрыщызекІуэн хуей хабзэхэр ягъэзэщІэну.

Мы Іуэхугъуэр ирагъэкІуэкІ «Гъуэпу шынагъуэнщэ» зыфІаща парт проектым зэрыщыуБзыхуам тету икІи абы и кьалэн нэхъыщхьэр гъуэгум кьыщыхьу насыпышагъэхэм цІыхухэм я гъащІэр, я узынщагъэр щыхъумэнырщ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

● Къбр-м и прокуратурэм

Я хуитыныгъэхэр зэфІагъэувэж

Дзэлыкъуэ районым и прокуратурэм къипщытащ сабий зеиншэхэр, адэ-анэхэм я кІэлъыплъыныгъэм щІэмытыжу къэнахэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщыным теуха хабзэхэр зэрагъэзащІэр.

УФ-м ПСЭУПІЭМКІэи кодексым и 52-нэ статьям и япэ Іыхьэм ипкъ иткІэ, псэупІэхэр чэзуунШэу ират сабий зеиншэхэм, адэ-анэхэм я кІэлъыплъыныгъэм щІэмытыжу къэнахэм ящыщу еджапІэхэм, социальнэ Іуэхутхэбзэ щІапІэхэри хэту, нэгъуэщІ щІыпІэхэм, щакІэлъыплъ унагъуэхэм, унагъуэм хуагьадэ сабий унэхэм зэрыщыІэну пІалъэр зыухахэм, къыщхьэщыжьхьи зимыІэжхэм, дзэм къулыкъу щьзІыщІахэм, я тезыыр япшыныжу къэзыгъэзэжахэм. «Сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэ ящхьэщымытыжу къэнахэмрэ социальнэу зэрызыщІагъэкъуэнум и щэспІэ щхьэхуэхэм я Іуэхуитэ» 1996 гъэм зрагъэзэм и 21-м къыдагьэкІа Федеральнэ закон №159-ФЗ-м зэрыщыубзыхуам тету, гъэзэщІакІуэ властым и органхэм, социальнэ пщалъэм щыгъэбелджылахэм къитІасэу, зи гугъу тщІыжэ псэупІэкІэ къызэрагъэпэщ.

2002 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м КъБР-м и Правительствэм къыщІэна Унафэ №156-мкІэ районхэмрэ къалэхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм чэнджэщ ирагащ псэупІэ хуэныкъуэ сабий зеиншэхэм, адэ-анэхэм я кІэлъыплъыныгъэм щІэмытыжу къэнахэм я чэзур ягъэбелджылыуэ, щыІэ хабзэм тету, а Іуэхур зэфІахыну.

Абы щыгъуэми, Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэмрэ республикэм и Правительствэмрэ зи гугъу тщІы апхуэдэ сабийхэм ящыщхэр иджыри къызэдэсым псэупІэкІэ къызэрагъэпэщакъым. Ардыдэмкіи, псэупІэ и лъэныкъуэкІэ хабзэкІэ яІэ хуитыныгъэхэр къызэпауд. Къэпщытэныгъэм кьрикІуам ипкъ иткІэ, куейм и прокуроры иск 17 игъэхъэзырати, нобэ ирихьэлІэу абыхэм я нэхьыбэм судыр арэзы техьауэ икІи Къбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къалэн щиІащ Іуэхур зыкъуагъэзэ ина. Нобэ щыкІуэ Іуэхур зыкъуагъэзэ ина нэхьыбэ щІэхэр социальнэ псэупІэхэмкІэ къызэрагъэпэщыну.

ИрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм я фІыгъэкІэ, сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэхэм я кІэлъыплъыныгъэм щІэмытыжу къэнахэмрэ я хуитыныгъэхэр зэфІагъэувэжащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИМ ХЭТХЭР

Жылаэс Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Мариfar** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариfar** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Иэтэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжькъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, еБгъуанэ - ешІэ-нэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ -47-22-63, 42-57-59; щинхабзэмкІэ - 42-75-36; обозреателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлъжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэжьныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапіэм - 42-26-41; сурэтчэхьм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ аэрэ зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплыкІэр зэтеуэ зэныту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и щІэ дальщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленом.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щиныкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм льагъэгъаэм и 16-м №П-0065-м щІэту ягъащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ КъыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщкІ Соня, редактору ЖьэкІэмыхьу Зариф, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 3-нэ нап.)*, ПкытІыкІ Юрэ *(1, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я лъэныкъуэкІу БатІитІэ Марьят. *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящІащ* Дол Мариэ, Щомахуэ Марианэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзырац.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 9.233● Заказ №892